O`zbekistan Respublikası xalıq bilimlendiriw wa`zirligi

A`jiniyaz atindag`ı No`kis  ma`mleketlik pedagogikalıq instituti

Baslawısh ta`lim metodikası kafedrası

# Zarimova  Rano Jandullaevna

Baslawısh ta`lim fakulteti
Baslawısh ta'lim h'a'm sport ta'rbiyalıq is qa'nigeliginin'

4 kurs talabası

## *PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI*

Tema: *Jas o'spirimler ta'rbiyasın alıp barıwda mektep h'a'm shan'araq penen islesiwdin' a'h'miyetli ma'seleleri*

Ilimiy basshı: Q.Tleumbetova

Kafedra baslıg`ı: prof. M. Ayımbetov

No`kis - 2012 j

Mazmunı

Kirisiw

I. Bap. Ta’rbiyanın’ ja’miyetlik qubılıs ha’m pedagogikalıq protsess ekenligi.

I.1 Shan’araq penen ta’lim-ta’rbiya jumısların alıp barıwda ta’lim mekemelerinin’ wazıypaları

I.2 Shan’araqtın’ ma’mleketlik siyasatta tutqan ornı ham insanıy qa’driyatlardın’ qa’liplesiw da’rejesi

I.3.Shan’araqta bala ta’rbiyası ma’mleketlik siyasattın’ tiykarg’ı faktorlarının’ biri ekenligi.

II.Bap. Bala ta’rbiyasında shan’araq penen mektep ja’ma’a’tshiliginin’ o’z-ara qarım-qatnası.

II.1 Balalardı mektepke tayarlaw printsipleri

II.2 Qaraqalpaq shan’araqlarında balalardı ruwxıy, a’dep-ikramlılıq ruwxında ta’rbiyalawda milliy qa’diriyatlarımızdan paydalanıwdın’ a’hmiyeti.

II.3 Ata-analar ha’m mektep penen birgelikte jumıs alıp barıwdın’ a’h’miyeti.

Juwmaqlaw.

Paydalang’an a’debiyatlar.

# Kirisiw

*<u>Temanın’ aktuallılıg’ı</u>*: Prezidentimiz İ.A.Karimov, «Bizin’ perzentlerimiz aqıllı, dana, bilimli ha’m de bizlerden de baxıtlı bolıwı tiyis», -degen edi.

Haqıyqatında da keleshegimiz bolg’an jas a’wladtı ta’rbiyalaw, bilim beriw, sanasının’-seziminin’ bu’gingi zaman talabına ılayıq bolıwı, ata-babalarımızdan miyras bolıp qalg’an ruwxıy miyraslarımız arqalı ta’rbiyalaw bu’gingi ku’nnin’ en’ a’hmiyetli wazıypalarının’ biri.

O’zbekstan Respublikası o’z g’a’rezsizligine eriskennen keyin, tınısh, parlament jolı menen o’zinin’ haqıqıy ma’mleketshiligine eristi. O’zbekstan Respublikası demokratiyalıq, sotsiallıq ta’repten a’dalatlı ja’miyetlik dizim, du’nya ju’zlik qatnasıqlarda o’z ornın’ iyeledi ha’m jahan ma’deniyatına salmaqlı u’lesin qosıp, ekonomikalıq ha’m ruwhıy ta’repten bay ma’mleket du’ziwdi o’zinin’ strategik wazıypası dep esaplaydı.

O’zbekstan Respublikası xalqının’ milliy tariyxıy turmısı ha’m ideologiyasınan, xalıq da’stu’rleri, u’rp-a’detleri ha’m qa’siyetlerinen kelip shıg’ıp, o’zine ta’n rawajlanıw jolın islep shıqtı.

Ma’mleketlik rawajlanıw tiykarın sho’lkemlestiriwshi usı tarawlarda a’melge asırılıp atırg’an o’zgerisler, tiykarınan insang’a, onın’ ma’plerine qaratılg’an.

Turmıs, bazar ekonomikasına o’tiw, rawajlanıw barısında, yag’nıy ja’miyet ag’zalarının’, puxaralarının’ sanasında qanday o’zgerisler bolıp atırg’anlıg’ın, puxaralıq ja’miyet turmısın kim qa’nshelli da’rejede an’lap jetti?

Bazar ekonomikasına o’tiwdin’ ja’miyetlik qatnasıqları ha’m bunda ma’mleket ha’m ja’miyettin’ roli, bazıbir ja’miyet ag’zalarının’ ruwhıy ha’lsizlikleri, olardın’ sebeplerin anıqlaw, tekseriw, qarar qabıl etiw, ulıwma ja’miyette ju’z berip atırg’an o’zgerislerdin’ pedagogikalıq ta’replerin izerlew pedagog-ta’rbiyashılardın’, yamasa ja’miyetshiliktin’ tiykarg’ı mashqalalarının’ biri bolıp tabıladı.

Demek, rawajlang’an shaxstı ta’rbiyalaw mashqalalarının’ kelip shıg’ıwı sotsiallıq za’ru’riyat, yag’nıy ja’miyetlik buyırtpa bolıp tabıladı. Ja’miyetlik

qatnasıqlardı ilimiy pedagogikalıq ta’repten u’yreniw ha’m ja’ne de rawajlandırıw da’wir talabı bolıp tabıladı.

Ma’mleketimiz g’a’rezsizlikke eriskennen keyin, o’zinin’ g’a’rezsiz rawajlanıw jolın belgilep aldı. Bul jol ja’miyetimizdin’ keleshegin o’z qollarına alıwshı - jaslarg’a berilip atırg’an ta’lim-ta’rbiya tiykarında belgilenedi. Sol ushın da 1997 jılı 29-avgustta "Kadrlar tayarlawdın’ milliy da’stu’ri" ha’m "Ta’lim haqqında"g’ı nızam qabıl etildi ha’m onda kadrlar tayarlawdın’ milliy modeli jaratıldı. Bul modelde shaxs baslı orındı iyelep, modeldin’ qalg’an bo’limleri shaxs ma’pleri ushın xızmet qıladı. A’sirese u’zliksiz ta’lim dizimi individ du’nyag’a kelgennen baslap mektepten tısqarı ta’lim mekemelerindegi aralıqtı qamrap aladı.

Ta’lim-ta’rbiya mekemeleri o’z wazıypaların a’melege asıra beriwleri mu’mkin, biraq turmıs qarama-qarsılıq ha’m tosqınlıqlardan ibarat. Jaslar, qalaberse ja’miyetimzdin’ ha’mme ag’zaları usı qıyınshlıqlardı jen’ip, olardı durıs analizlep, durıs sheshimge kele aladıma eken?

Demek, ta’lim-ta’rbiya mekemelerinen tısqarı ta’rbiyalıq ta’sirler yag’nıy ku’ndelikli sotsiallıq mashqalalar shaxsqa ko’rsetip atırg’an ta’sirleri, olardı sotsial pedagogikalıq, ilimiy, teoriyalıq ha’m a’meliy u’yreniw, pedagogikada usı ku’nge shekem jeterli da’rejede itibar berilmegen ja’miyetlik ta’obiyag’a zaruriyattı keltirip shıg’armaqta.

Ja’miyet ta’rbiyası degende "İsandı - insan dizimi ishindegi ta’rbiya tu’siniledi. Yag’nıy, insanlarara qatnasıqlar protsesindegi ta’rbiyalıq ta’sir, sonday-aq ja’miyetlik institutlar xızmetinin’ (xayriya jamg’armaları, sho’lkemler, ja’miyetler ha’m assotsiatsiyalar) ta’rbiyalıq ta’sirdi nazerde tutadı.

Ha’zirgi da’wirda ja’miyetlik ta’rbiyanın’ predmeti bolsa, shaxstın’ qa’liplesiwine ja’miyetlik ortalıqtın’ ta’sir etiwshi nızamlıqları, sonın’ ishinde shanaraqtın’, birlespelerdin’, jamg’armalardın’ ta’rbiyalıq ta’sirleri bolıp tabıladı.

Bizin’ ma’mleketimizde xalıqtın’, ulıwma ja’miyet ag’zaların sotsiallıq jaqtan qorg’awg’a tiyisli bir qatar isler a’melge asırılıp atır. Ja’miyetlik jumıslar ja’miyet ag’zalarının’ bir birine insanıylıq qarım-qatnasta bolıwın talap etedi. Qa’dimgi

zamanlarda bul xızmettin' diniy juwapkershilik, saqıylıq, saqawatlıqtay pazıyletleri payda bolg'an.

Turmıs - shaxstın' ja'miyette o'z ornın tabıwın talap etedi. Biz ta'lim-ta'rbiya mekemeleri ha'm olardan tısqarı, yag'nıy, ha'r ku'ngi sotsial turmısımız arqalı ta'rbiyalıq ta'sir etiw tiykarında jetik kamil insandı kelege keltiriwimiz kerek, sebebi biz ta'rbiyalagan jaslar ja'miyetke "kirisip kete alsın". Olar ja'miyetten shette kalıuı mumkin emes. Belgili sebeplerge qarap "ja'miyet tan almag'an", "sotsiumg'a kirise almag'an" shaxslardın' o'z jolın tawıp ketiwi ushın sotsiallıq xızmet talap etiledi.

Mektep jasındag'ı balalarg'a ta'lim-ta'rbiya beriwde, ata-analar h'a'm pedagog-psixologlar birgelikte ta'rbiya jumısların a'melge asırıw ha'm sho'lkemlestiiriw bilimlendiriw sistemasının' tiykarg'ı wazıypalarının' biri bolıp sanaladı.

O'sip kiyatırg'an jas a'wladtı ha'r ta'repleme rawajlandırıw shan'araqta ha'm ja'miyetimizde en' a'hmiyetli ma'selenin' biri bolıp esaplanadı.

Usıg'an baylanıslı, pedagog balag'a ta'lim-ta'rbiya beriw menen birge ha'r bir balanın' ata-anaları menen birge tıg'ız qarım-qatnasta bolıw, bala ta'rbiyasındag'ı ha'r bir mashqalanı durıs sheshim menen qabıl etiw baslı maqsetimiz bolıp tabıladı. Bizin' ja'miyetimizde shan'araq ta'rbiyasına ayrıqsha dıqqat penen kewil awdaradı. O'ytkeni usı ja'miyettin' kishkene bir bo'legi bolg'an «shan'araq» atlı kishkene ja'miyet, tatıw, balaları ku'shli, aqıllı, o'z elinin' sadıq perzentleri bolıp jetilsiwi bizin' watanımız ushın u'lken baxıt bolıp sanaladı. Solay eken, ja'miyet penen shan'araq bala ta'rbiyasında o'z aldına tek g'ana bir maqsetti, ol da bolsa keleshegimiz bolg'an jas a'wladtı ha'r ta'repleme jetilisken perzentler etip ta'rbiyalaw bolıp tabıladı. Shan'araq en' a'hmiyetli ta'rbiya ma'kanı. Ha'r bir ata-ana o'z balalalarının' ta'biyiy ta'rbiyashısı bolıp tabıladı.

Sonlıqtan ta'rbiyanın' ha'r bir orınlanatug'ın wazıypaları bir bag'darda, baylanıslı ha'm birgelikte ha'reket etetug'ın mektep ha'm shan'araqtın' ulıwma umtılıwshılıqları menen birgelikte a'melge asıwı za'ru'r.

Sonlıqtan bu'gingi ku'nde pedagoglardın' shan'araq penen islesiwi, ata-analar menen birgelikte ta'rbiya jumısların sho'lkemlestiriwi kerekligin, mektepte sabaq

o’tiwde ha’r qıylı metodlardın’ ja’rdeminde alınatug’ın jaqsı na’tiyjelerdi talıqlap, jobalı, izbe-izlikte a’melge asırıwdı anıq maqset etip qoyadı. Pedagog ilimpazlarımızdın’ pikirinshe, «Ta’rbiyashı bolıw ushın-ta’rbiyashının’ o’zi ta’rbiyalang’an bolıwı tiyis» degen pikir ha’mmege tanıs qag’ıyda bolıp, ol ha’r bir ta’rbiyashı ushın za’rurli qag’ıyda bolıp esaplanadı.

Sonlıqtan, mektep mekemelerinin ata-analar menen islesiwde, balalar ta’rbiyası, shan’araqtı bekkemlew, ana ha’m balalar huqıqın qorg’aw haqqındag’ı g’amqorlıqların o’z ishine alıp, ata-analardın’ o’z balaları ta’rbiyası ushın ma’mleket ha’m ja’miyet aldında juwapker ekenligin sanasına sin’irip ha’m ta’rbiyalap baradı.

Bunday maqsetli jumıslardı a’melge asırıwda, pedagog balalar mektep h’a’m shan’araq arasındag’ı baylanıstı bekkemlep, jas ata-analarg’a balalar ta’rbiyası haqqındag’ı mag’lıwmatlar beriw, bilim ha’m ko’nlikpelerin jetilistiriw, qıyınshılıqlardı tabıw ha’m jen’iwde ja’rdem beredi, balag’a ta’sir ko’rsetiw ha’m onı durıs ta’rbiyalaw barısında baqlawdın’ birligin ta’miyinlep barıwı za’ru’r.

Juwmaqlastırıp aytqanda, keleshek a’wladtın’ ta’rbiyası ja’miyetimiz aldın’da turg’an en’ a’hmiyetli ha’m mashqalalı wazıypa bolıp tabıladı.

***Temanın’ maqseti:*** Mektep jasıng’ı balalardın’ ta’rbiyasında shan’araq ha’m ja’miyetshiliktin’ ta’lim-ta’rbiya protsesslerin analiz etiw.

***Temanın’ obekti***: Mektepke shekemgi jastag’ı balanın’ shan’araqta ha’m ja’miyetshilikte alatug’ın ta’rbiyası.

***Temanın’ predmeti***: Mektep jasınag’ı balalarga ta’lim-ta’rbiya beriu protsessi.

***Temanın’ izertleniw wazıypaları*:** A) Oqıtıwshının’ balalar menen pedagogikalıq qarım-qatnasta bolıw arqalı ta’rbiya jumısların ha’r ta’repleme jetilistiriw.

B) Jan’a pedagogikalıq texnologiyanı pedagogikalıq protsesske engiziw.

V) Ta’lim-ta’rbiya beriwdin’ jan’a metod ha’m usıllarınan paydalanıw.

D) Shan’araq h’a’m mektep arasındagı o’z-ara baylanıstı ta’miyinlew.

***İzertlew metodları*:** Pedagogikalıq analiz, sa’wbet, metodikalıq testler.

***Jumıstın’ du’zilisi* :**

Kirisiw, 2 bap, juwmaqlaw ha’m paydalanılg’an a’debiyatlardan turadı.

# I. Bap. Ta’rbiyanın’ ja’miyetlik qubılıs ha’m pedagogikalıq protsess ekenligi

Rawajlanıw insandag’ı fizikalıq, ruwhıy ha’m ja’miyetlik protsess bolıp, ol barlıq tuwma ha’m iyelegen sıpat o’zgerislerin o’z ishine aladı.

Fizikalıq rawajlanıw boyının’ o’siwi, dene ha’m muskul kushinin’ artıwı, sezgi ag’zalarının’ bekkemleniwi, ha’reketlerin durıs basqara biliwi ha’m usıg’an uqsaslıqlar menen baylanıslı.

Ruwhıy rawajlanıw bolsa insan shaxsındag’ı psixikalıq sıpat ha’m belgilerinin’ qa’liplesiwi,emotsional erklilik, biliw protsessinde za’rur o’zgerisler juz beredi.

Balanın’ ja’miyetlik rawajlanıwı ol ja’miyetlik turmısta qatnasa baslag’anda, onın’ minez-qulqında, do’gerek-a’tirapga bolg’an qatnasında, aynıqsa ja’ma’a’t islerinde qatnasıwında payda boladı.

İnsannın’ rawajlanıwı bul insan organizmi ha’m ruwhıyatında do’gerek-a’tiraptag’ı turmıs ta’sirinde juzege keliwshi sıpat o’zgerisler.

Sırtqı ta’sir ishki protsess penen qarama-qarsılıqtı ju’zege keltiredi, ma’selen, balanın’ jan’a talabı menen imkaniyatı ortasında ju’zege kelgen qarama-qarsılıq yamasa sa’ykeskelmewshilik onın’ rawajlanıwın ha’reketke keltiriwshi kush esaplanadı. Baladag’ı mine usınday fizikalıq ha’m ruwhıy o’zgerislerdin’ juz beriwinde, balanın’ rawajlanıwı, yag’nıy shaxstın’ qn’a’liplesiwinde biologiyalıq ha’m ja’miyetlik faktor jetekshi rol oynaydı.

Ta’biiy ha’m ja’miyetlik faktordın’ o’z-ara ta’siri shaxstın’ tariyxı ha’m ontogenetik rawajlanıwı protsessinde juzege keledi. İnsan ja’miyetlik iskerlik protsessinde o’zindegi biologik, ta’biiy o’zgesheliklerdi joq etpeydi, al o’zlestiredi. Ha’r bir isan iskerliktin’ bir tu’rine basqa turlerge qarag’anda ko’birek qa’biletli boladı.

İnsan qa’bilet ha’m qızıg’ıwların a’melge asırıw ushın do’gerek-a’trapdag’ı ta’biyat ha’m insanlar menen o’z-ara ta’sir etiwge kirisedi. Onın’ do’gerek-a’traptag’ı barlıqqa aktiv qatnası onın’ zatlar menen bolatug’ın iskerligi arqalı a’melge asırıladı. İnsan o’zinin’ talabın qandırıw ushın do’gerek-a’tiraptag’ı turmıs ha’m insanlar menen o’z-ara aktiv ta’sirge kirisedi. İnsannın’ dunyag’a aktiv

qatnası onın' zatlar menen bolatug'ın iskerliginde payda boladı. İslep shıg'arıw usılı, islep shıg'arıw qatnasları ha'm olar tiykarında ju'zege keliwshi ja'miyetlik ortalıq, insannın' aktiv ruwhıy turmısı onın' shaxsı mazmunın' belgileydi.

Pedagogika shaxs tariyxıy protsessinin' obekti ha'm subekti sıpatında rawajlanadı. İskerlik ha'm ta'rbiya ta'sirinde, ja'miyet ta'repinen jaratılg'an ideyalar, nızam ha'm normalardı o'zlestiriw na'tiyjesinde insannın' shaxsga say bolg'an o'zgeshelik ha'm sıpatları qa'liplesedi, miynetke, adamlarg'a, o'zine qatnası sisteması qa'liplesedi. İnsan shaxsı onın' ja'miyette tutqan ornın'a, maqsetine, turmısdag'ı roline, nege tiykarlanıp ha'reket qılıwına qarap belgilenedi.

Shaxs degende insannın' ja'miyetlik negizi tusiniledi. Shaxs tusinigi o'z ishine ha'r qıylı ta'sirler ha'm ja'miyetlik ortalıq ta'sirinde qa'liplesken o'zgeshelikler, sıpatlar jıyındısı.

Ortalıqtın' ta'siri haqqında ga'p bolg'anda, da'slep ja'miyetlik ortalıq itibarg'a alınadı, sebebi ja'miyetlik ortalıq tusinigine shaxs jasaytug'ın ja'miyettegi materiallıq sharayat, onın' ekonomikası, ja'miyetlik ha'm ma'mleket duzimi, islep shıg'arıw qatnaslarnın' sisteması ha'm insanlardın' solar menen belgilengen turmısı kiredi.

İnsan ja'miyetlik ortalıqtın' maxsulı. Bul ortalıq o'zgeriwi menen insanda ha'm o'zgerisler juz beredi. İnsan shaxsında onın' o'zi jasap turg'an ja'miyetlik ortalıq, yag'nıy onın' turmıs sharayatı, qaysı klassqa tiyisligi h.b. sa'wlelenedi. Ja'miyetlik sharayat tupten o'zgerse, insannın' ruwhıyatı ha'm o'zgeredi.

İnsannın' ja'miyetlesiwi, ja'miyetke kirip keliwi shan'araqtan baslanadı. İnsan shaxsının' qa'liplesiwinde shan'araqtın' roli ulken. Shan'araq insanda da'slepki ja'miyetlik ha'm a'dep-ikramlıq tusiniklerin, xarakterinin' qa'liplesiwi ushın shart-sharayat jaratadı, sezimnin' rawajlanıwına ta'sir etedi. Balanın' shan'araqta tutqan ornı usı shan'araqta neshe bala ta'rbiyalanıwına ha'm baylanıslı. Balanı qorshap turg'an ulkenler onın' turmısın saqlaw, den sawlıg'ın bekkemlew, do'gerek-a'tiraptag'ılar menen qatansta bolıwı haqqında g'amhorlıq qıladı.

Bala mektepke barıwı menen onın' ja'miyetlik qatnası tezlesedi. Mektepte bala klasındag'ı dosları, balalar ha'm jaslar sho'lkemleri, oqıtıwshılar ja'ma'a'ti ha'm ta'rbiyashılar menen qatnasqa kirisedi. Sonın' menen bir waqıtta balanın'

mektepten tısqarı qatnasları ha’m ken’eyedi. Bul waqıtta endi teatr, muzey, kinoteatr, kitapxanalar sıyaqlı ma’deniy oraylar balanın’ ruwhıy dunyasının’ qa’liplesiwine unalı ta’sir ko’rsetedi ha’m onın’ shaxsıy qızıg’ıwların oyatadı.

Bala mektepke barg’annan keyin ha’m shan’araq ta’siri bala shaxsının’ qa’liplesiwinde za’rur orındı iyeleydi. Bala dunya qarasının’ qa’liplesiwinde shan’araqtag’ı ulıwma a’dep-ikramlı ortalıq - ata-analardın’ ja’miyetlik aktivligi, miynetke qatnası ulken ta’sir ko’rsetedi. Eger shan’araqta durıs emes ta’rbiya berilse, mektepte berilgen ta’lim menen shan’araq ortasında balanın’ dunya qarasında qarsılıq juzege keledi. Bul waqıtta mektep shan’araqqa, balanın’ sanasına ta’sir etiwde jetekshi rol oynawı, onın’ turmıs jolın tan’lap alıwında og’an ja’rdem beriwi lazım.

İsan shaxsı onın’ putun o’miri dawamında qa’liplesip baradı, biraq g’a’rezsiz miynet iskerligine o’tken waqıtta onın’ xarakterindegi tiykarg’ı o’zgeshelikler payda bolg’an boladı.

Demek, insan shaxs sıpatında ta’biyat inam etken ha’mde ta’rbiya ha’m ja’miyetlik qa’liplesiw sharayatlarına qarab belgili ta’rizde rawajlang’an talant ha’mde onın’ putun o’miri dawamında a’tiraptag’ı waqıyalar menen o’z-ara qatnası kuralında payda bolg’an o’zgeshelik ha’m sezimlerdin’ bekkem jıyındısınan ibarat. Na’tiyjede ha’r bir insannın’ shaxsında og’an belgili ja’miyettin’ wa’kiline, onın’ ja’miyetlik toparına say ja’miyetlik o’zgeshelikler ha’mde shaxs sıpatında og’an tiyisli bolg’an o’zine say psixologiyalıq o’zgeshelikler bolıwı mumkin. Bul o’zgeshelikler bolsa barlıq sırtqı faktorlardın’ shaxsga ta’siri na’tiyjesinde juzege keledi ha’m onın’ o’zine say minez-qulqında payda boladı.

Shaxstın’ qa’liplesiwi insan ja’miyeti ta’repinen jaratılg’an ja’miyetlik-tariyxıy ta’jiriybeni o’zlestiriw, ta’lim ha’m ta’rbiya beriw arqalı a’melge asırıladı. Bul ha’r qıylı iskerliklerde juzege keledi. Ta’lim-ta’rbiya na’tiyjesinde bala o’zi jasap turg’an ja’miyettegi siyasıy sistema menen qatnasqa kirisedi yaki qatnasta bola baslaydı.

Balanın’ ja’miyetlik ta’jiriybeni o’zlestirip alıwı uzaq dawam etetug’ın bekkem protsess. Bunın’ bekkemligi sonda, bala bir ta’repten, mazmunı ha’m

ko'lemi ta'repinen bekkem bolg'an insaniyat ta'jiriybesin, ekinshi ta'repten, usı ta'jiriybeni iyelew usılların o'zlestiriw protsessinde qa'liplesip baradı.

Balalar iyelewi lazım bolg'an mazmundı tan'law, onın' iyelep alıwına basshılıq etiw ulkenler ta'repinen ta'lim ha'm ta'rbiya protsessinde a'melge asırıladı.

Bunda balanın' ruwhıy-fiziologiyalıq o'zgeshelikleri ha'm rawajlanıw dinamikası itibarg'a alınadı. Sonın' ushın ta'rbiya ha'm ta'limnin' mazmunı, forması o'zgerip, bekkemlesip baradı, og'an ta'sir etiw usılları ha'm o'zgerip turadı.

Ta'rbiya balanın' «rawajlanıw aldı zonasına» qarap o'zgeredi, yag'nıy balada bekkemrek mazmundag'ı bilimlerdi o'zlestirip alıw imkaniyatı payda bolıwına qarap belgilenedi (ma'selen, bo'bek embeklewdi o'zlestirip alg'annan keyin juriwge o'tedi, ayrım buwınlardı aytıwdı uyrengennen keyin aktiv tilge o'tiwi, zatlar menen ha'reketlerdi o'zlestirip alg'annan keyin oyın, miynet iskerliginin' payda bolıwı h.t.b.).

Ta'lim ha'm ta'rbiya «rawajlanıw aldı zonasına» tiykarlanıp, balanın' rawajlanıwı bugungi da'rejesinen aldın'g'a qarap jetekleydi.

İnsan shaxsı qa'liplesiw da'wirinde bir qansha basqıshlardı basıp o'tedi. Ha'r bir jan'a basqısh aldın'g'ı basqısh tiykarında juzege kelip, joqarıraq basqıshqa shıg'ıwg'a umtıladı. Erte jasta baslang'an rawajlanıw ha'r dayım adam ushın za'rur a'hmiyetke iye. Ta'lim-ta'rbiya beriwdegi mazmun, metod, onı sho'lkemlestiriw formaları ortasında baylanıstın' barlıg'ı ta'rbiya beriwdegi za'rur o'zgeshelik.

Ha'r ta'repleme rawajlanıw imkaniyatlarınan ayırılg'an balalar shaxsın qa'liplestiriwde ja'miyetlik ta'rbiya mekemelerinde ta'rbiyanın' sheshiwshi roli payda boladı. Bunday balalar ushın islep shıg'ılg'an ta'rbiyalıq ta'sir ko'rsetiw siteması olardı o'mirge, miynet iskerligine tayarlaydı.

Biraq ta'rbiyanı balanın' imkaniyatına qarap kusheytiriw qadag'an etiledi. Sonın' ushın mektepke shekemgi ta'rbiya pedagogikasında mektepke shekemgi ta'rbiya jasındag'ı balalar shaxsın ha'r ta'repleme baylanıslı rawajlandırıwdın' maqseti onın' o'siwin bayıtıwdan ibarat ekenligi aldın'g'a suriledi.

Bala shaxstın’ qa’liplesiwinde ta’rbiya ha’m ta’lim, bul isti a’melge asırıwshı pedagog jetekshi rol oynaydı. Bul bolsa ha’r bir bala shaxsının’ qa’liplesiwinde olardın’ juwapkerligin asıradı.

Ja’miyetlik-tariyxıy ta’jiriybeni o’zlestiriw aktiv is protsessinde juz beredi. Aktivlik balag’a say o’zgeshelik. Ta’rbiya protsessinde aktivlik tiykarında iskerliktin’ ha’r qıylı turleri qa’liplesedi. Olardan tiykarg’ıları qatnasta bolıw iskerligi, biliw, zatlar menen bolatug’ın iskerlik, oyın, a’piwayı miynet ha’m oqıw iskerligi.

İskerlik turlerinin’ o’zi ja’miyetlik-tariyxıy ta’jiriybenin’ bo’legi. Ol yaki bul iskerlikti o’zlestirip atırg’an bala iskerlik ko’rsetedi, sonın’ menen bir waqıtta usı iskerlik penen baylanıslı bolg’an bilim, uqıplılıq, ko’nlikpelerdi iyelep aladı. Bunın’ tiykarında balada ha’r qıylı shaxsıy qa’bilet ha’m o’zgeshelikler qa’liplesip baradı. Balanın’ iskerlikte aktiv jol tutıwı onı ta’rbiyanın’ obekti yamasa subektine aylantıradı. Balanın’ rawajlanıwında iskerliktin’ jetekshi rol oynawı usı menen belgilenedi. Bala rawajlanıwının’ ha’r qıylı da’wirlerinde iskerliktin’ ha’r qıylı turleri a’melge asırıladı, biraq balanın’ rawajlanıwı ha’m ta’rbiyasında iskerliklerdin’ turleri ha’r qıylı bolmaydı, rawajlanıwdın’ ha’r bir basqıshında jetekshi iskerlik boladı, rawajlanıwda erisilgen tiykarg’ı ko’rsetkishler usı arqalı anıqlanadı.

Ta’lim ha’m ta’rbiya arqalı a’melge asırılatug’ın iskerliklerdi balalar birden o’zlestirip almaydı., olardı balalar ta’rbiyashı basshılıg’ında a’sten iyelep baradı.

Balalar ha’r qıylı iskerliklerdi jetiskenlikli iyelep alıwları tiykarınan shan’araqta, mekteplerde ta’lim-ta’rbiya jumıslarının’ qay da’rejede sho’lkemlestiriwine baylanıslı.

İnsan o’mirinin’ birinshi jılında iskerliktin’ a’piwayı tu’rleri, ondag’ı jeke qa’biletler, o’zgeshelikler, do’gerek-a’tirapqa belgili bir qatnastın’ qa’liplesiwinde tiykar bolıp xızmet qıladı. Ma’selen, ulkenlerdin’ bala menen bolatug’ın sezgi, sezgi-predmetli qatnaslarda balada da’stlepki ja’miyetlik talaptı payda qıladı, da’slepki ha’reket ha’m oy-pikirler qa’liplese baslaydı.

Ha’reket usılların iyelep barıw arqalı balada aktivlik rawajlanadı. Biraq aktivliktin’ qay da’rejede rawjlanıp barıwı na’silge ha’mde eliklewshilik

qa’biletine baylanıslı. Bala o’mirinin’ da’slepki jıllarında ulkenler menen bolatug’ın qatnası ha’m zatlar menen orınlag’an ha’reketi tiykarg’ı iskerlik turi esaplanadı. Bala menen qatnasta bolıw arqalı ulkenler olardı a’sten zatlar a’lemine alıp kiredi. Usı jol menen bala zatlar menen bolatug’ın iskerliktin’ o’zine say ta’replerin iyelep baradı. Bul waqıtta qatnastın’ o’zi na’rse ha’m zatlar menen bolatug’ın iskerlikke aylanıp qaladı.

Balanın’ na’rse ha’m zatlar menen bolatug’ın iskerlikti sho’lkemlestiriw balag’a da’slepki jasınan baslap shan’araq ha’m mekteplerde ta’rbiya ha’m ta’lim beriwdin’ tiykarg’ı wazıypalarının’ bir esaplanadı. Bunday iskerlikte balalar oqıtıwshısı basshılıg’ında na’rse ha’m buımlardın’ o’zgeshelikler haqqındag’ı da’slepki bilimlerdi, olar menen bolatug’ın ha’reketler, analiz, sintez, ulıwmalastırıw, abstraktsiyalaw sıyaqlı en’ a’piwayı protsesslerdi iyelep aladı.

Bala ja’ma’a’tte o’zin shaxs sıpatında an’lay baslaydı. Bala rawajlanıwdın’ usı basqıshında olar ulkenlerdin’ ko’rsetpesisiz, o’z betinshe ha’reket qılıwdı qa’leydi. Balada minez-qulıq sebebinin’ payda bolıwı ha’m onı o’z qalewine boysındıra alıwı onda sananın’ qa’liplesiwinen derek beredi.

Barha’ma berip barılatug’ın miynet tapsırmaları balalar iskerligin ja’miyetlik ma’plerge boysındırıwg’a, ja’miyetlik paydalı miynet iskerlik penen shug’ıllanıwg’a, miynetten kelgen ulıwma na’tiyjeden quwanıw sıyaqlı sıpatlardı ta’rbiyalawg’a alıp keledi. Sabaqlardag’ı oqıw iskerligi arqalı balalar do’grek-a’tiraptag’ı ta’biyat haqqındag’ı, ja’miyetlik o’mir, insan haqqındag’ı bilimlerdi o’zlestirip aladı, sonday-aq olardın’ aqlıy ha’m a’meliy bilimleri ken’eyip baradı.

Balalar iyelegen bilimlerinen, aqlıy qa’biletlerinen o’zlerinin’ turli iskerliklerinde paydalanadı. Bulardın’ ha’mmesi bala shaxsının’ qa’liplesiwine ta’sir etedi, olarda jan’a mazmundag’ı iskerlikke qızıg’ıw oyanadı.

Kishi mektep jasında balalar ushın oqıw tiykarg’ı iskerlik bolıp qaladı ha’m bul iskerlik balalar ja’miyetlik a’hmiyetli iskerlik dep an’lay baslaydı. Bala o’zinin’ mektep oqıwshısı ekenligin tusine baslaydı. Ulkenlerdin’ bala xulqına, iskerligine qoyatug’ın ha’m bekkemlesip baratug’ın talaplardı aktivlik penen orınlay baslaydı.

O’smirlik da’wirinde bala o’mirinde oqıw iskerligi menen bir qatarda miynet ha’m ja’miyetlik iskerlik za’rur orındı iyeley baslaydı. Bunday iskerlikti jetiskenli orınlaw na’tiyjesinde balalar a’sten ulkenler ha’m qatarları menen qatnasıq qag’ıydaların iyelep baradı, sonday-aq olarda a’dep-ikramlıq ha’m ruwhıy da’sturlerge sanalı qatnasta bolıw qa’liplese baslaydı, olar balanın’ talabında, xulqında, do’gerek-a’tirapqa bolg’an qarım-qatnasında sa’wlelenedi.

Demek, balanı ta’rbiyalawda, onın’ rawajlanıwında iskerlik jetekshi rol oynaydı. Sonın’ ushın ta’lim-ta’rbiya mekemelerinde ha’m shan’araqta balanın’ o’mirin ol turli iskerlik penen shug’ıllana alatug’ın qılıp sho’lkemlestiriw kerek. Bug’an, a’lbette, balalar iskerliginin’ mazmunın’ bayıtıp barıw, jan’a bilim, uqıplılıqlardı sin’diriw, o’zbetinshelikti rawajlandırıw ha’m usı sıyaqlı menen erisiledi.

## I.1 Shan’araq penen ta’lim-ta’rbiya jumısların alıp barıwda ta’lim mekemelerinin’ wazıypaları

Ta’lim mekemelerinde balalarg’a ta’rbiya beriwdin’ baslı maqseti – bul ha’r bir jas a’wla’dtı ha’r ta’repleme aqılıy jaqtan rawajlandırıw, olardı keleshegimizdin’ qurılısshıları sıpatında ja’miyetimizge kerekli shaxs etip ta’rbiyalaw na’zerde tutadı. Ma’mleketimizde joqarı ha’m orta arnawlı ta’lim da’stu’rin qayta qurıwdın’ en’ a’hmiyetli hazıypaları joqarı mag’lumatlı kadrlardı tayarlawdı makset etip qoyg’an. Sonlıqtan da, pedagoglardın’ bilimlerin shuqır a’meliy tayarlıq penen qosıp alıp barıw za’ru’rligi ko’rsetilip o’tilgen.

Oqıtıwshılar mektepte balalar menen alıp baratug’ın jumıslarında ulıwma teoriyalıq ma’selelerdi ashıp beriw arqalı ta’lim-ta’rbiya pedagogikasında ta’rbiyanın’ maqsetin ha’m wazıypaların, mazmunın, olardın’ forma ha’m metodların tan’law nızamlıqların belgilewshi pa’n sıpatında ju’zege keledi.

Ha’r ta’repleme rawajlang’an insandı ta’rbiyalaw xalıq pedagogikasının’ bay ta’jriybelerinin’, sonday-aq ta’lim-ta’rbiyanın’ jan’a forma ha’m usılların ha’zirgi zaman pedagogika iliminin’ jetiskenliklerin engiziw, bular arqalı balalarda qızıg’ıwshılıq oyatıw, o’z betinshe do’retiwshilik miynetke, a’dep-ikramlılıqqa ta’rbiyalaw ja’ne de olardı ha’r ta’repleme rawajlandırıw bizin’ baslı maqsetimiz.

Ta’lim mekemelerinin jumısları belgilengen nızam ha’m qag’ıydalar tiykarında sho’lkemlestiriledi. Ta’lim mekemeleri ma’mleketlik yamasa belgili bir mekemege qaraslı bolıwına qaramastan bilimlendiriw, den-sawlıqtı saqlaw wa’zirliginin’ shıg’arg’an instruktivlik formativlik proektte qurılıp ol sanitar gigienalıq talapqa juwap beretug’ın bolıuı tiyis. Mine usınday talaplardan kelip shıgıp, mektep jasındagı balalardı ta’rbiyalawdın’ wazıypaları to’mendegilerden ibarat:

1. Balalardın’ o’mirin qorg’aw, olardın’ den-sawlıg’ın bekkemlew.

2. Metodikalıq, gigienalıq ko’nlikpe a’detlerin qa’liplestiriw, tazalıqtı saqlawdı a’detke aylandırıw.

3. Nerv-psixikalıq jaqtan rawajlandırıw balanın’ sana-sezimin o’siriwshi, rawajlandırıwshı shınıg’ıwlardı ko’p paydalanıw.

4. İmanlı, a’dep-ikramlılıq sezimlerin du’nyag’a ta’biyatqa bolg’an su’yispenshiligin oyatıw, go’zzallıqqa bolg’an estetikalıq sezimlerin oyatıw.

5. Tuwılg’an jerine, xalqına su’yispenshilik penen ha’m xalıq milleti balalarda hu’rmet penen qarım-qatnas jasawg’a ta’rbiyalaw.

6. U’lkenge hu’rmet, kishige izzet degendey joldaslıq, sıylasıqlıq qa’siyetlerin oyatıw.

7. Ma’deniyatqa, ta’rtiplilikke, jaqsı minez-qulıqqa ta’rbiyalaw.

Shan’araq penen islesiw - mektep xızmetkerleri jumıslarının’ a’hmiyetli ha’m bekkem ta’repi bolıp esaplanadı. Bul to’mendegi wazıypalardı sheshiwge qaratılg’an**:** balalardı ta’rbiyalawda birlik ornatıw**;** ata-analarg’a pedagogikalıq bilimler beriw**;** shan’araq ta’rbiyasına baylanıslı aldın’g’ı ta’jiriybeni u’yretiw menen birge onı en jaydırıw**;** ata-analardı mekteptin turmısı ha’m jumısları menen tanıstırıw.

Mekteptin’ shan’araq penen alıp baratug’ın jumısları mine usı wazıypalarg’a boysındırılg’an. Balalar ta’rbiyasında birliktin’ bolıwı balalarda tuwrı minez-qulıqtın’ payda bolıwın ta’miyinleydi. Olardag’ı ko’nlikpe, bilim jetilisiwlerinin’ o’zlestirip alıw protsesin tezlestiredi. Ata-analarg’a pedagogikalıq bilimler beriwde olardın’ bala haqqındag’ı ha’m mekteptegi oqıw protsessin rauajlandırıu maqsetinde og’an ta’sir etiw jollarına baylanıslı bilimlerdi iyelep alıwg’a ja’rdem beriw pedagog wazıypalarının’ biri bolıp esaplanadı. Bunın’ ushın ata-analar psixologiya, pedagogika, anatomiya, fiziologiya ha’m gigienanın’ tiykarg’ı problemaları menen tanıstırıladı. Teoriyalıq bilimler alıw menen birge, olar bazı bir bilim ha’m ko’nlikpelerdi iyeleydi.

Ata-analar o’zlerine jan’a pedagogikalıq texnologiya boyınsha tu’sinikler alıwı, yag’nıy balalar menen qanday pedagogikalıq ha’m metodikalıq usılda so’ylesiw kerek, olarg’a qanday buyrıq beriw kerek, qanday talaplar qoyıw kerek, retli jerinde balalarg’a xoshametlew ha’m jazalaw metodların qaysı waqıtlarda qollanıw kerekligi tuwralı da oylap ko’riwleri tiyis. Ata-analardın’ pedagogikalıq bilim ha’m ko’nlikpeler menen qurallanıwında olardın’ ha’r bir jas da’wirinin’ o’zgesheligin biliwge ha’mde balalardın’ jeke o’zgesheliklerin esapqa alıw tiyis

boladı. Balanın' ha'r ta'repleme rawajlanıwın ta'miyinlewge qaratılg'an pedagogikalıq protsess og'ada quramalı ha'm ha'r tu'rli bolıp esaplanadı.

Pedagog kerekli bilim ha'm ko'nikpelerdi belgili bir izbe-izlik penen alıp barsa balalardı ta'rbiyalaw ha'm olarg'a ta'lim beriw jumıslarında jaqsı na'tiyjelerge erisedi. Oqıtıwshı o'z ka'sibinin' sheber ustası bolıwı ushın arnawlı tayarlıq ko'riwi lazım. Ol balag'a mehir-aqibetlilik penen qatnasta bolsa, balalar menen onın' ortasında miyirbanlıq, g'amxorlıq qatnasıqlar ju'zege keledi.

Pedagog-oqıtıwshının' tiykarg'ı wazıypası balalardın' ku'ndelikli turmısın qızıqlı jumıslar, mashqalalar, ideyalar menen toltırıw, ha'r bir balanı mazmunlı xızmetke bag'darlawdan ibarat. Ta'lim qızıqlı, mashqalalı bolıwı, balanın' erkinligin ha'm do'retiwshiligin ta'miyinlew za'ru'r. Ko'p hallarda sabaklar balalardı toparshalarg'a bo'lgen halda integratsiyalastırıp o'tkeriledi. Pedagogikalıq protsessti xızmet tu'rlerin ulıwmalastırıwshı a'meliy ko'rgizbeli metodlardan paydalanıladı.

## I.2 Shan’araqtın’ ma’mleketlik siyasatta tutqan ornı ham insanıy qa’driyatlardın’ qa’liplesiw da’rejesi

Ja’miyetimizdin’ sotsial–ekonomikalıq rawajlanıwın jedellestiriw sharayatında insan faktorın payda etiw da’wir talabına aylandı. Jetilisken insan haqqında onın’ miyneti ha’m turmısı, ruwxıylıq rawajlanıwı haqqında g’amxorlıq respublikamızdın’ tiykarg’ı maqseti.

Kisi qa’siyetleri onın’ miynetine, ruwxıylıq, ideyalıq ha’m ma’deniy baylıqlarına mu’na’sibetinin’ tiykarları shan’araqta qa’liplesedi. Ja’miyet bekkem, ruwxıylıq ha’m a’dep–ikramlılıq ta’repinen salamat shan’araq bolıwınan ma’na’a’ptar. Usı sebepli respublikamız, sotsial turmıs sharayatların jaqsılawda ja’rdem beriwdi ma’mleket a’hmiyetine iye is dep biledi.

Keyingi jıllarda respublikamız ta’repinen qabıl qılıng’an bir qatar qarar ha’m jol–jorıqlarda xalqımızdın’ sotsial–ma’deniy rawajlanıwın ta’miyinlewshi pikirler, usınıslar berilidi, bular respublikamızdan’ tiykarı – shan’araqlardın sotsial–ekonomikalıq ha’m ruwxıylıq jetilisiwinde za’ru’r rol oynaydı. Sonın’ ushın shan’araqlardın’ ha’r ta’repleme rawajlanıwı, ja’miyettin’ rawajlanıwı demek. Usı ma’niste keleshegimiz bolg’an jas a’wlad ta’rbiyası ha’m onın’ rawajlanıwı ma’mleket a’hmiyetine iye bolg’an ma’sele esaplanadı. Ekinshi ta’repinen, ja’miyettin’ shan’araq ha’m shan’araqlıq ta’rbiyalag’a bolg’an talabı ku’n sayın artıp barmaqta. Ata–analardın’ balalar ta’rbiyası ju’zesinen juwapkershiligin ku’sheytiriw, ta’rbiyalawg’a ta’n qızıg’ıwın asırıw, shan’araqlıq ha’m sotsial ta’rbiya birligin ta’miyinlew ha’zirgi ku’nnin’ aktual ma’selelerinen biri.

Shan’araq ta’rbiyası degende ata–analardın’ o’z turmısları, turmıs ta’rizleri tiykarında bala shasxında du’nyaqaras tiykarları, siyasiy, a’dep–ikramlılıq, estetikalıq ha’m basqa sotsial faktorlardı qa’liplestiriw maqsetinde sistemalı, izbe–iz, ideyalıq ha’m ruwxıylıq ta’sir ko’rsetiw protsessi tu’siniledi. Biraq, bunda ja’miyetimiz rawajlanıwı mu’na’sibeti menen shan’araq, onın’ ba’rshe turmıslıq basqıshları keskin o’zgerislerge

ushırap atırg'anlıg'ı ha'm esten shıg'armaslıq kerek. Milletlerdin' tariyxıy, milliy ha'm regional o'zgesheliklerin esapqa alg'an halda shan'araqlar rawajlanıwı ulıwma ha'm menshilik rawajlanıwlar tiykarında shan'araqlıq ta'rbiyanı maqsetke muwapıq jaqsılaw tiyis. Bul ma'mleketimizdin' shan'araqta jas a'wladtı ha'r ta'repleme kamal taptırıw protsessine qaratılg'an ilimiy ha'm a'meliy usınıslarınan biri.

Ha'zirgi zaman rawajlanıwı ha'r bir shaxstan waqıyalıqtı tuwrı tu'siniwdi, juwmaq shıg'arıwdı, a'dep–ikramlılıq paklikti ha'm sezimlik–nervlıq shıdamlılıqtı, ja'miyetimiz turmısının' ba'rshe salalarında bekkem ha'm aktiv bolıwın talap etpekte. Ma'limki, shaxstın' bunday sotsial, emotsinal, minez–qulıq ha'm basqa sıpatlarına shan'araq tiykar saladı, qa'liplestiredi ha'm kamal taptıradı.

Keleshegimizdin' qanday boılwın ha'zirgi ku'nde bir ta'rbiyalanıp atırg'an jaslarg'a baylanıslı. Bunday u'lken wazıypanı a'melge asırıwsha, materiallıq ha'm ruwxıylıq baylıqlardı do'retiwshi tiykar shan'araq. Shan'araq ja'miyettin' baslawısh sotsial buwını sıpatında quramalı sostavqa iye bolıp, ol o'z xızmetinde shan'araq ag'zalarının' ıqtıyajı ha'm uqıplılıg'ı, tu'rli xızmetinin' maqset ha'm wazıypaların g'ana emes, ba'lki ta'rbiyalıq xızmetin ha'm sa'wlelendiredi. Onın' quramalı ha'm ko'p qırlı xızmetinin' turmıslıg'ı eki ta'repleme.

- Birinshiden, ja'miyettin' kishi bir bo'legi sotsial o'zgerislerin o'te sezgirlik penen ılip alatug'ın, o'zinde sa'wlelendiretug'ın belgi. Sog'an tiykarlanıp shan'araqlıq ta'rbiyanı sotsial ta'rbiyanın' tiykarg'ı bo'leklerinen biri dep esaplaw tiyis.

– Ekinshiden, shan'araq quramalı ha'm ko'p qırlı xızmeti onın' wazıypaları ha'm du'zilisine, sotsian turmıs ta'rizine, shan'araq ag'zalarınıqn' sotsial xızmetlerine, olardın' ba'rshe qızıg'ıwlarına, ıqtıyajları ha'm mu'nsa'sibetlerine baylanıslıg'ın na'zerde qashırmaslıq kerek.

Shan'araqlıq ta'rbiya metodologiyası ha'm metodikası ushın en' za'ru'ri onın' baylanıslı ta'replerin, yag'nıy ta'rbiyalıq wazıypaların bir o'lshemge

salıw, shan'araqtın' o'zine ta'n o'zgesheliklerin h'a'm bar mu'mkinshiliklerin anıqlaw u'lken a'hmiyetke iye boladı.

Shan'araqtın' du'zilisi ha'm wazıypaların talıqlawda ol ja'miyettin' sotsial– ruwxıylıq o'zegi ekenligi ja'ne bir ma'rte ko'rinbekte. Usı sebepli shan'araqtın' anıq bir statusı, tiykaı bolıwı kerek ha'm ol kisiler ortasındag'ı mu'na'sibetlerin ta'rtipke salıwı, jaslarda a'dep–ikramlılıq pa'ziyletlerin, fizikalıq rawajlanıwın, aqılıy ziyrekligin qa'liplestiriwi za'ru'r.

Shan'araq ta'rbiyasının' o'zine ta'nligi sonda, ol balalardı ata–analardın' ata–analıq, qan – qarındaslıq qa'siyetlerin uzatıp, shaxstın' ulıwma ha'm sezimlik rawajlanıwı g'ana ta'miyinlep qalmay, ba'lki shaxstın' bar mu'mkinshiliklerin ha'm a'dep–ikramlılıq rawajlanıwın ha'm o'stiredi. Usı sebepli shan'araq ta'rbiyası ba'rqulla barlıq ko'rsetpeliligi ha'm shıraylılıg'ı menen ajıralıp turadı. Onda tiykarg'ı wazıypanı xalıq, a'depke ta'n ila'jlardı balag'a tuwrı u'yretiw, ma'sla'ha't beriw, u'lken ta'jiriybesi g'ana emes, ba'lki shan'araqtın' jasaw ta'rizi, ortalıg'ı, ata–analardın' ka'sip–o'neri, shan'araq ag'zalarının' ruwxıylıq–psixologiyalıq mu'na'sibetleri oynaydı.

Shan'araq ha'm shan'araq ta'rbiyası mashqalaları menen shug'ıllanıwshı alımlardın' izertlewlerinde tiykarg'ı itibar shan'araq boyınsha a'meldegi bolınıwıne ha'm balalar ta'rbiyasında ata–analarının' aktiv da'rejesine qaratıladı. Sonın' menen birge, ata–analardın', balalardın' ha'm hayallardın' ba'ntligi ha'm olardın' balalar ta'rbiyasına bolg'an ta'siri shan'araqtın' materiallıq mu'mkinshilikleri ha'm turar jaylarına baylanıslı u'yreniledi.

Ja'miyettin' materiallıq ha'm ruwxıylıq rawajlanıwı jaslardı tu'rli sotsial wazıypalardı orınlawg'a, toplang'an mu'na'sibetlerge ta'n ta'jiriybelerge, materiallıq ha'm ruwxıylıq qa'diriyatlarg'a ha'r ta'repleme ha'm uzaq tayarlaw lazımlıg'ın talap etpekte. Shan'araqlıq ta'rbiyada za'ru'r a'hmiyetke iye bolıwshı obektiv ha'm subektiv faktorlardı biliwi tiyis. Obektiv faktorlarg'a shan'araqtın' materiallıq pa'rawanlıg'ı, da'ramatlarının' tu'rleri, o'zine ta'nligi ha'm da'rejesi, u'y –jay menen ta'miyinleniw da'rejesi, mektepke shekemgi mekemelerden paydalanıw, sonın' menen birge shan'araq

ag'zalarının' sanı, quramı ha'm basqalardı kiritiw mu'mkin. Subektiv faktorlarg'a shan'araqtag'ı o'z–ara mu'nsibetlerinin' o'zine ta'n o'zgeshelikleri, mag'lıwmat, shan'araq ag'zalarının' ma'deniy–ruwxıylıq da'rejeleri, ata–analarının' qarım–qatnas ma'deniyatları ha'm basqalar kiredi.

Shan'araq ta'rbiyası quramalılıg'ı ja'ne sonda, ha'r bir shan'araq o'zine ta'n bir a'lem, ja'miyettin' o'zine ta'n kishi uyımı bolıp, ta'rbiya isinde o'zine ta'n o'zgesheliklerin ko'rsetedi. A'ne sonın' ushın ha'm shan'araqlıq ta'rbiyanın' forma ha'm metodikaların ulıwmalastırıw ha'm og'an biran –bir usınıslar beriw qolaysız ha'm qıyın. Ata–analar qanshelli ruwxıy bay, isenimli ha'm joqarı malg'ıwmatqa iye bolsa, usı da'rejede rawajlang'an metodika arqalı o'z perzentlerin ta'rbiyalaydı. Olar tek ma'sla'ha't beriw, maqullaw, sıylıqlaw, jazalaw, sa'wbet ha'm gu'rrin', pikir almasıw menen g'ana emes, ba'lki shaxsiy u'lgileri, balaları menen birgelikte islew, olardı miynet xızmetine tartıw arqalı ha'm ta'rbiyalaydı. Balalar xızmetinde qatnasıw olarg'a ta'rbiyalıq ta'sir ko'rsetiwdin' en' na'tiyjeli usılı. Eger balalar ata–analarının' shınıg'ıwlarına qızıg'ıwshılıq menen mu'na'sibette bolsa, olar ortasında doslıq mu'na'sibetler payda boladı. Balalar ata–analarınan a'ke ha'm apalarınan o'z–ara mu'na'sibet mezonların u'yreniep, ne jaqsı ne jaman, ne paydalı ha'm ne zıyanlı ekenligin bilip aladı, olar haqqında anıq tu'siniklerge iye boladı. Bunnan tısqarı, shan'araq ta'jiriybeli ha'm ka'sibi ta'repinen tu'rlishe jastag'ı kisilerdi birlestirip turadı. Shan'araq ag'zalarının' turmıs ha'm turmıslıq ta'jiriybeleri, ma'deniy saviyaları qanshelli bay bolsa, olar balalar menen usı da'rejede jaqsı so'ylesiwde bola aladı, balalardın' qızıg'ıwların o'stire aladı.

Ata–analarının' ulıwma, ma'deniy, mag'lıwmat saviyaların ko'teriliwi ha'm sotsial aktivlik qarar tabıwı mektep ha'm shan'araq baylanısları o'zgesheliginin o'zgeriwine sebep boladı. Eger mektep shan'araq ta'rbiyalanıwshılarına hu'rmet penen mu'na'sibette bolsa, onın' baylıqlarınan, yag'nıy ata–analar abıroyı, shaxsiy u'lgisi, jaqsı sezimler tiykarında ta'rbiya

usıllarınan paydalana alıwına alıp keledi, ol halda ata–analar atalıg’ı u’lken ku’shge, ta’rbiya na’tiyjeligin ta’miyinlewshi mezong’a aylanadı.

Ha’zirgi zaman shan’araqları ja’miyet penen tıg’ız baylanısqan. Qalalardın’ o’siwi, jasaw sharayatlarının’ jaqsılanıwı, xalqının’ materiallıq ha’m ma’deniy turmıs saviyasının’ asıwı jaslardın’ jetilisken insan qılıp ta’rbiyalawg’a ta’sir qıladı.

Shan’araqlıq ta’rbiyanın’ maqseti ha’m mazmunı ba’rshe regionlar boyınsha alg’anda bir–birinen ma’lim da’rejede parıqlanadı. bul parıqlar milletlerdin’ turmıs ta’rizi, u’rip:–a’detleri, sotsial–ta’rbiyalıq ha’m jergilikli sharayatlar menen belgilenedi. Ma’mleketimizdegi xalıq ha’m milletlerdin’ tariyxıy–sotsial rawajlanıw basqıshı, shan’araqlıq turmıs tariyxtan payda bolg’anlıg’ı, bul barada dınnın’ u’lken u’lesi o’zine ta’nlikti payda qıladı.

Ta’rbiya ma’selesinen jantasatug’ın bolsaq, az balalı shan’araqlarg’a qarag’anda ko’p balalı shan’araqlarda balalar ta’rbiyası a’nshe jen’il ko’shedi. Ko’p balalı shan’araqlardg’a balalar ata–analarının’ qattı –ha’reketlerin, a’ke ha’m apalarının’ olar ortasındag’ı g’amxorlıqların, ayrıqsha, bir–birlerine bolg’an doslıq mu’na’sibetlerin, u’ydegi ha’r qıylı wazıypaların shın kewilden orınlawların, kisilerdin’ u’lkenlerge a’dep penen mu’na’sibette bolıwların ta’biyg’ıy halda ko’redi, baqlaydı. O’zleride ha’m a’ne sonday a’dep–ikramlılıq sıpatların qa’liplestiriw qa’lewi payda boladı. Usı sebepli bir qansha balaları bolg’an shan’araqta ata–analardın’ g’amxorlıqları o’zine ta’n o’zgeshelikke iye boladı. Bunday g’amxorlıq ten’ bo’listirilgen boladı.

U’lken shan’araqta bala jaslıg’ınan ja’ma’a’tke maslashadı, o’z–ara baylanıslar tiykarında ta’jiriybe toplaydı. Eger shan’araqta u’lken ha’m kishi balalar bolsa, olar ortasında tu’rli ko’rinislerde mehir–muhabbat ha’m doslıq payda boladı. Shan’araqlıq turmıs balalardı insanıylıq mu’na’sibetlerinde o’z shaxsın kamal taptırıw mu’mkinshiligin beredi. Az balalı shan’araqlarg’a qarag’anda ko’p balalı shan’araqlarda sonday turmıslıq wazıypalar bar boladı, mısalı, u’lken ayjag’ag’a shekem ha’m kishi u’kesine shekem bolg’an

mehir–muhabbat, yag'nıy bir–birinen parıqlanıwshı sezimin, a'ke-´u'ke ha'm apa–sin'liler ortasında bir–birleri menen na'rselerdin' ten' bo'listiriw ha'm basqalar payda boladı.

Shan'araqtın' tu'p maqseti ha'm ha'reketlerinin' mamzunı balalardı ulıwmainsaniylıq minez o'lshemlerine a'mel qılg'an halda olardı bolajaq miynet xızmetine tayarlawdan ibarat. Sonın' menen birge, olardın' ideyalıq–siyasiy, ma'deniy–ag'artıwshılıq barasındag'ı qızıg'ıwlarına itibar berilip atırg'an ta'rbiyanın' bir– birinen parıqı barlıg'ın ha'm unıtmaslıq tiyis. Eger shan'araqta ata–analar u'lken jastag'ı kisiler bolsa, olar miynet naninan ba'hramant bolıp atırg'an bolsa, insaniylıq isenimler bar bolsa, bunday shan'araqta ta'rbiyalanıp atırg'an jaslar turmısında mu'na'sip insan bolıp jetisedi.

## I.3 Shan’araqta bala ta’rbiyası ma’mleketlik siyasattın’ tiykarg’ı faktorlarının’ biri ekenligi

Balalar ta’rbiyası shan’araqtın’ insandı payda etiwshi ta’biyg’ıy ha’m sotsial ma’nisi menen tıg’ız baylanıslı. Usı ma’nide ta’rbiya o’z ma’nisine ko’re sonday bir protsesski, ol ta’rbiyalanıwshının’ biologiyalıq, sotsial ıqtıyaj tu’rlerin, o’zinin’ qa’diri, qızıg’ıw ha’m ideyaların ja’miyet talaplarına boysındırıwda ko’rinedi. Bala shan’araqta, mektepte, ata–analar menen mu’na’sibette, ja’ma’a’t jaylarında, u’lken jastag’ılar, dosları menen so’ylesiwinde ta’jiriybe arttırıp baradı.

Shan’araq xojalıg’ında miynet bo’listiriliwi en’ a’yyemgi ha’m ma’deniy sotsial bir hal. Ha’zirgi ku’nde, qala ha’m awıllarda shan’araqlarda er ha’m hayal o’z–ara juwapkerli jumısların bolısıp alıwdın’ ko’plep tu’rlerin payda etedi. Anıq qılıp atqanda, ba’rshe shan’araqlın’ jumısların orınlawda ten’ huqıqlılıq bag’darı anıq ko’zge taslanadı. Ayrıqsha, bul balalar ta’rbiyası wazıypasının’ orınlanıwında ko’birek ko’rinmekte.

*Bir yaki az balalı shan’araqlarda bala ta’rbiyası*

Bala ta’rbiyasına ko’p waqıt sarıp qılınadı. Biraq shan’araqta tuwılg’an jeke perzent u’lkenlerdin’ janlı oyınshıg’ı, su’yiklisi, u’lkenlerdin’ dıqqat orayı, quwanıshı ha’m erketayı sıpatında u’lkeyedi. Onın’ birar na’rseden narazılg’ı ha’m jılawı ata–ana du’nyasın qarang’ılastıradı. O’zleri jemey–ishpey, jeke perzentlerin aq tarap, kiyintirip, ha’tte, tu’rli qıylı sawg’alar uyımlastıradı. Bul menen balasının’ kelesi rawajlanıwın buzıp atırg’anlıg’ın’ oylawdı jaqtırmaydı.

Balanın’ tuwrı o’siwi, adamlarg’a hu’rmet penen mu’na’sibette bolıwı, olardın’ qayg’ılarına ha’mda’rtlik ko’rsetiw sezimi payda bolıwı ushın shan’araqta hesh bolmag’anda o’zine uqsas ja’ne bir kisi (qızma, u’lma) bolıwı tiyis. Shan’araqtı keminde eki perzenttin’ bolıwı tek olardın’ ruwxıylıq –a’dep–ikramlılıq ta’rbiyasın’ jaqsıwlap qalmastan, ba’lki ja’miyetimizdin’ sotsial–ekonmikalıq ıqtıyajlarsna ha’m mas keledi.

Sotsiallıq ha'm psixologiyalıq qarasınan balasızlıq yaki az balalı shan'araq bekkemligin ta'minlemeydi. Ma'mleketimizdegi shan'araqlıq ajırasıwlardın' ko'pshiligi yaki bolsa joq, yaki az balalı shan'araqlarg'a tuwrı keledi. Joqarıda aytıp o'tkenimizdey ata–ana jeke perzentinin' ta'rbiyasına ko'p waqıt ajratadı, biraq ko'p hallarda jaman na'tiyde ko'redi.

Shan'araqta jeke perzent ta'rbiyasındag'ı kemshilik na'tiyjeleri bala o'spirinlik jasına jetkende birden ju'zege shıg'adı, ha'm, aqırında, bul kemshilik o'spirin o'sip, ulg'ayıp, o'zi shan'araq qurg'anda ja'nede anıq ko'rinedi.

*Ko'p balalı shan'araqlarda balalar ta'rbiyası*

Oqımıslı ha'm xızmetshiler shan'arag'ının' awılda yaki qalada jasawlarına qarap balalarına beriletug'ın ta'rbiyadasında azmaz parıqlar bar. Ta'rbiyanın' na'tiyjeliligi shan'araqtag'ı balalar miyneti, olardın' u'y xojalıg'ındag'ı aktiv qatnasıwı, sonın' menen birge, shan'araqtın' turmıs sharayatları menen belgilenedi. Awıl shan'araqlarındag'ı ta'rbiya o'zinin' strukturası ha'm mazmunına ko're isshi, xızmetshi ha'm oqımıslı shan'araqlardan tu'pten parıq qıladı. Ayırım halatlardı esapqa almag'anda awıl shan'araqları jıldın' deyerli ba'rshe ma'wsimlerinde ha'm miynet xızmetine tartılg'an boladı.

Shan'araq ta'rbiyası sotsial ta'rbiya menen tıg'ız baylanısta bolsa o'sip kiyalatırg'an jas a'wlad parawanlıg'ın ta'miyinlew mu'mkin. Ol yaki bunısının' joqlıg'ı ta'rbiyalıq protsesske jaman ta'sir ko'rsetedi.

Respublikamızda ha'zirgi ku'nde shan'araqlardın' sotsial a'hmiyeti artıp barmaqta. Shan'araqlardın' materiallıq ıqtıyajların tolıq qandırıw tiykarında balalar ta'rbiyası ushın juwapkershilikti ku'sheytiriw protsessi tezlesmekte. Biz ushın shan'araq bekkemligin ta'miyinlewshi a'dep–ikramlılıq psixologiyalıq baylanıslar ha'm ju'da' za'ru'r. Usı baylanıs shan'araqlıq mu'na'sibetler, tolıq sezimlik ;emotsionallıq, atalıq ha'm analıq, shan'araqlıq baxıttı ta'miyinlew ıqtıyajların qandıradı.

Ata–analarg’a pedagogikalıq bilim beriw, shan’araqlıq ta’rbiya boyınsha ta’jiriybe almasıwı, ata ha’m analardı ta’rbiya jumıslarına qızg’ın tartıw olardı mektepke, ma’ha’lle komitetlerine mira’t etiw maqsetke muwapıq. Ata–analardın’ bul baradag’ı en’ za’ru’r wazıypaları balaları jetilisiwin aldınan oylawları, ta’rbiya maqsetin anıqlaw.

Qoyılg’an maqsette a’melge asırıw xızmeti sheberlik penen sho’lkemlestiriwge baylanıslı. Bunın’ ushın:

a) Balalardın’ turmısı ha’m shınıg’ıwın tuwrı sho’lkemlestiriw (rejim, oyın, miynet, u’ydegi oqıw isleri, sport ha’m sog’an uqsas).

b) O’zinin’ shaxsiy xızmeti ha’m dem alıwın sho’lkemlestiriw (jumısta, u’y xojalıg’ında, balalardı ku’tiwge, oqıwda, dem alıwda, jas a’wlat ta’rbiyası ju’zesinen ja’ma’a’t islerine ha’m basqa).

Demek, ta’rbiya usılları ha’m metodikaların tanlaw, olardı rawajlantırıw ha’m engiziw shan’araq turmısının’ za’ru’r forması. Jas a’wlad ta’rbiyasının’ tabısı biran–bir ayrıqsha alıng’an usıllarına emes, ba’lki oylap ha’m jaqsı sho’lkemlestirilgen metodikalar dizimine baylanıslı. Shan’araqta qollanılg’an ol yaki bul usıllar haqqında ga’p ketkende, sonı este saqlaw lazım, eger shan’araqtın’ turmıs ta’rizi, turmısı ha’m moralına usıllar tanlansa, ta’rbiyalıq na’tiyjelik asıwı yaki mas kelmese, kerisinshe bolıwı turmısta ko’plep baqlang’an.

Shan’araqta balalardı ta’rbiyalaw o’zinin’ bir qansha milliy o’zgesheliklerine iye. Olar xalıqtın’ qa’liplesken da’stu’rleri, u’rip–a’detleri, xalıqtın’ psixologiyası, turmısı ha’m turmıs ta’rizi.

Shan’araqlar ta’rbiya usılların qollaw barasında bir–birleri ta’jiriybelerinen paydalanadı. Usı qarastan shan’araqlardı sha’rtli ra’wishte ekige bolıw mu’mkin, yag’nıy «qattıqol» ha’m «jumsaq» ta’rtipli shan’araqlar. Birinshi toparg’a kiriwshi shan’araqlar o’z xızmetlerinde talapg’a tiykarlang’an metodikalarg’a, ha’tte, dene jazası beriw arqalı ta’rbiyalawg’a tiykarlanadı. Ekinshi toparg’a kiriwshi shan’araqlar o’z xızmetleri u’lgisinen, isendiriw, jumsaq ta’rtip shiyrin, tuwrı qarım–qatnas arqalı ta’rbiyalawg’a tiykarlanadı. Eger «qattıqollıq» ta’rtipli shan’araqtı ishki

mu’na’sibetlerinde hukmranlıq qılsa, «jumsaq» intizmalılarıda demokratiya, ten’lik mu’na’sibeti bar. Biraq «jumsaq» shan’araqlardag’ı bunday mu’na’sibetler ata–analardın’ o’z minezleri boyınsha juwapkershiliklerin kemeytirmeydi. Bunday ta’rtipli shan’araqlar ushın balalardı qorqıtıw, shortırıw usılları jat bolıp , balanın’ qa’dirin biliw, o’z–o’zin hu’rmet qılıw qa’siyetlerin ta’rbiyalaw tiykarg’ı esaplanadı. İzertlewlerdin’ ko’rsetiwinshe, ta’rbiyalawda jaza, qorqıtıw usıllarınan paydalang’an shan’araqlardag’ı balalar u’lkengesh, psixologiya nerv xızmetinde buzılıwlar payda bolg’an. Mu’na’sibette qorqaqlıq, aqılıy xızmetinde arqala qalıw halatları baqlang’an.

Shan’araqlıq kelispewshilikler, ata–analar ha’m balalar ortasındag’ı ten’sizlikke tiykarlang’an mu’na’sibetler, ayırım ata–analardın’ ma’deniyat ha’m mag’lıwmatının’ pa’s saviyada ekenligi bar ta’rbiyag’a ta’n bilimlerin o’zlestiriwge kesent beredi. Turaqsız keypiyat, turmıslıq o’zgerisler shan’araqlıq ortalıqta qarama–qarsılıqtı payda etedi. Ata–analardın’ anıq bir–birin tu’sinmeslikleri ha’m o’z–ara kelispewshilikleri, yaki balanın’ janıw alıwları onın’ minezine egoizm ko’rinistegi halattı zahır eteji. Atalar bunday halatlarda jazalawg’a mayıllıq, analar mu’layımlıq, «ba’zen» biyta’replik halatlarıda boladı.

Alıp barılg’an baqlawlar na’tiyjesinde to’mendegi juwmaqlardı shıg’arıw mu’mkin.

A) Shan’araqlıq ta’rbiya na’tiyjeligin asırıw faktolrlarınan biri bala shaxsın kamalatg’a jetkeriw ushın onı ha’r ta’repleme u’yreniw, sonın’ menen birge, shan’araqlıq ta’rbiya usılları ha’m formalarına do’retiwshilik jantasıw, onın’ rawajlantırıw. Jaslardı ha’r ta’repleme u’yreniw olardı oqıwg’a, miynetke, o’z–o’zin orap turg’an ortalıqqa, insan jetilisiwi ushın za’ru’r bolg’an sıpatlarınan en’ za’ru’rlerin ajırata alıwg’a u’yretiw mu’mkinshiligin beredi.

B) Ata–analar ortasında ta’rbiyag’a ta’n bilimlerdi en’giziw, ayrıqsha, shan’araqlıq ta’rbiyada qıyınshılıqqa ushırap atırg’an ata–analarg’a ja’ma’a’tshilik ja’rdemin ku’sheytiriw tiyis.

V) Shan’araqlıq ta’rbiyada jaqsı tabıslardı qolg’an kiritken ata–analardın’ ta’jiriybelerinen paydalanıw ushın olardı mekteptin’ ken’eytirilgen jıynalıslarına, ata–analar komitetlerinin’ ma’jilislerine mira’t etiw ha’m o’z ta’jiriybeleri menen ortaqlasıwdı jolg’a qoyıw za’ru’r. Olardan o’nimli paydalanıw ushın mekteplerde ata–analar ku’nini en’giziw za’ru’r.

G) Ata–analar komitetleri basshılarının’ tikkeley basshılıg’ında radiabaylanıslardı sho’lkemlestiriw. Bunda «Ata–analar – erte ta’rbiyashı», «Ata–analardın’ bala ta’rbiyasındag’ı shaxsiy u’lgileri ha’m olardın’ a’hmiyeti», «Jaslardı miynetke, turmısqa u’yretiw ha’m tayarlawda shan’araq, mektep ha’m ja’ma’a’tshilik birgeligi» ha’m sog’an uqsas temalardag’ı esittiriwlerin tayarlap, izbe–iz o’tkeriw za’ru’r.

D) Balalardı xalıq awızeki do’retiwshiligine ta’n qızıg’ıwlardı o’stiriw maqsetinde sa’wbetler, gu’rrin’ler, ertek ha’m dastanlar oqıp esittiriwdi jolg’a qoyıw tiyis.

*Ata–analardın’ abıroyı ha’m shaxsiy u’lgileri ta’rbiya na’tiyjeligin asırıwshı faktor*

Balalar ruwxıylıq du’nyasının’ o’zine ta’n o’zgesheliklerin biri u’lkenlerdi abıroylı siyma, u’lgi dep biliwleri, ma’sla’ha’t alıwları, talıqlawları ha’m tiyis bolg’an waqıtta ha’r qanday ja’rdemdi alıwlarına isenim payda qıladı.

Shan’araqlıq ta’rbiyada atanın’ roli u’lken. Shan’araqta er ha’mme waqıt balalardın’, turmıs ortag’ının’ ba’rqulla tayanıshı bolıp kelgen. Usı sebepli shan’araqtag’ı u’l ba’rqulla atasına uqsawg’a umtılg’an, onın’ qattı–ha’reketine eliklegen. Xalqımızdın’ dana ma’sla’ha’tlarında u’l ta’rbiyasında atanın’ roli ulıg’lanıp kelgen. Ata–ana u’lgisi balalar ushın ko’rgezmeli turmıs sabag’ı. Atanın’ anag’a, ana miynetine, ja’miyetke, ja’miyet ag’zalarına bolg’an mu’na’sibeti bala qa’lbinde jaqsılıq yaki jamanlıq, maqul yaki maqul emes isler haqqındag’ı da’slepki tu’siniklerdi payda etedi. Maqsetsiz, ta’rbiya na’tiyjelerin esapqa almastan qılıng’an ata–analar miyneti ba’ribir

na'tiyjesizlik menen tamam boladı. Awızeki so'zler emes, ba'lki sanalı oylap qılıng'an isler bala sanası ha'm qablına barıp jetedi.

Bala a'dette, ko'p waqtın shan'araq ortalıg'ında o'tkeredi ha'm u'lkenlerdin' qılıqları, o'zine ta'n o'zgeshelikleri an'satlıq menen qabıl qıladı. Bul qılıq ha'm qattı –ha'reketlerin o'z xızmetlerinde qaytalaydı. Soralg'an waqıtta «!kem sonday qıladı», «Apam sonday degen» ha'm basqa degen juwaplardı esitiw mu'mkin.

Tu'rli shan'araqlarda ata–analardın' balalarına ko'rsetetug'ın ta'rbiyalıq ta'sirleri bilimin anıqlawda to'mendegilerdi na'zerde tutıp baqlaw jumısların alıp barıwdı maqsetke muwapıq dep esaplaymız.

A) Balanın' atı, familiyası, atasının' atı, tuwılg'an jılı, shan'araqda balalar sanı, u'l ha'm qızlardın' sanı, neshenshi perzent ekenligi, qansha waqtın shan'araqta yaki shan'araqtan tıs o'tkeredi.

B) Ata–analardın' yaki shan'araqtag'ı ta'rbiyashılardın' atı, familiyası, olardın' ish jayları, ka'sip –o'nerleri, shan'araqtın' materiallıq ta'miyinleniwi, u'y sharayatı, ata–analardın' ha'm basqa shan'araq ag'zalarının' mag'lıwmatları, olardın' o'z–ara mu'na'sibetleri.

V) Shan'araq ag'zalarınan kim balalar ta'rbiyası menen ko'birek shug'ıllanadı, ta'rtipke balalar qay da'rejede a'mel qıladı, olardın' shan'araqta ha'm ja'ma'a'tshilik jaylarındag'ı minezi qanday, u'lkenlerge qanday qarım–qatnas qıladı.

Ta'rbiya protsessinde ata–analar ha'm oqıtıwshılardın' balalardı sotsial paydalı jumıslarg'a tartıw barasındag'ı juwapkershiligi ju'da' za'ru'r. Birak, az bolsa–da sonday ata–analar ha'm bar, olar balarının' mektepte metallom jıynaw, gu'l ha'm terek nalleri o'tkeriwilerin xoshametlemeydi, quwatlamaydı. Olardın' pikirinshi, bunday «mayda» jumıslar balalarının' shan'araqtag'ı, maydanshadag'ı, shaxsiy jumıslarına kesent berer eken. Ayırım ata–analar balalarına ka'sipler haqqında natuwrı tu'sinik beredi. Olardın' pikrinshe, ka'siplar ishinde maqulları, sonın' menen birge, shan'araqları atına mas kelmeytug'ın ka'sipler barlıg'ın aytadı. Baları ta'repinen ata–analarının'

bilim, abroylarına mas kelmeytug'ın ka'siptin' tanlanıwı olardın' maqtanıshına, izzet –na'psine tiyedi ha'm basqa.

Joqarıda aytıp o'tilgendey, turmısta ko'plep u'lgili ha'm abroylı ata–analarımız ko'p. Eger ata–ana hadal miynet penen shug'ıllansa, bala olardı hu'rmet qılıwg'a ma'jbu'r. Bazıda, jumısta ju'da' jaqsı qa'nige bolg'an ata–analar balalarına u'lgi bola almaydı. Na'tiyjede o'zleri bilmegen halda shan'araqlarda jumıs jaqpaytug'ın, ko'she biyzarı, erketaylar kamal tawadı.

Pedagog–alımlar izertlewlerinde da'lilengendey, shan'araqlıq ta'rbiyag'a ta'n jumıslar to'mendegi sharayatlarda orınlansa, onın' na'tiyjelegi ja'nede asadı.

1.Mektep o'zinin' ba'rshe ta'sirleri jıyındısı shan'araqlıq ta'rbiya protsessine izbe–iz bag'darlansa;

2. Oqıtıwshılar ja'ma'a'ti shan'araq menen o'z–ara birgeliktegi da'wirinde o'zlerinin' etnikalıq–pedagogikalıq ta'rbiyalıq talapların tuwrı sho'lkemlestire alsa;

3. Xalıq bilimlendiriw bo'limi ha'm mekemeler sho'lkemlestiriwshisi ata–analardı ta'rbiyalıq protsesske tarta alsa ;

4. Oqıtıwshılar ta'repinen shan'araqlıq ta'rbiyag'a basshılıq balalar mektepke kelmesten aldın baslansa ha'm bul jumıs olardın' ba'rshe oqıw jıllarında dawam ettirilse.

Bul ma'selelerdi jaqsı sheshiwde qala, rayon orınlaw komitetleri ha'm xalıq ta'limi bo'limlerinin' ta'rbiyaltsq mu'mkinshilikleri ken'eyipr atırg'an waqıttag'ı ta'siri ha'zirgi ku'nde qarasınan za'ru'r a'hmiyetke iye boladı. Demek, ma'mleketimizde ulıwma ta'limdi sıpat ta'repinen tu'pten jan'alaw tiykarında jaslardı ha'r ta'repleme kamal taptırıw ushın xalıqqa ta'rbiyalıq bilim beriwdi ha'r qashannan ha'm joqarı da'rejege ko'teriw bizin' muqaddes burshımız.

# II.Bap. Bala ta’rbiyasında shan’araq penen mektep ja’ma’a’tshiliginin’ o’z-ara qarım-qatnası

## II.1 Balalardı mektepke tayarlaw printsipleri

Mektep penen baqsha arasındag’ı baylanıs quramalı ha’m ha’r ta’repleme du’ziliske iye. Onda ta’lim-ta’rbiyalıq islerdin’ mazmunı, metod ha’m usılları, sho’lkemlestiriw jolları, sonday-aq balalardı ta’rbiyalawdag’ı sha’rt-sharayatlar ha’m pedagogikalıq talaplardı atap o’tsek boladı:

1. Mektep talabı boyınsha balalar bilimlerdi shuqırıraq iyelewi kerek.

2. Baqsha talabı boyınsha balalardı mektep talabına qaray bilim ha’m ko’nlikpeler menen qurallandırıw kerek.

3. Balalardın’ mektepke ruwxıy tayarlıg’ı joqarı bolıwı kerek. Bul jerdegi wazıypa balalardın’ miynettin’ ha’r qanday tu’rine tayar turıwları,aqlıy miynet bilimlerine qızıg’ıwshılıqların o’siriw, olardı keleshekte mustaxil,o’z-betinshe islewge uyretiw kerek boladı.

4. Balalar baqshasındag’ı beriletug’ın ta’lim rawajlandırıwshı bag’darda bolıwı tiyis.

5. Balalar baqshası menen mektep arasında tıg’ıs baylanıstı ornatıw kerek.

Ha’zirgi baslawısh klass da’stu’ri menen baqsha da’stu’rin salıstırıp qarasaq,olar arasındag’ı birqansha baylanıslardı ko’remiz. Bul en’ da’slep da’stu’rlerge tiykar etip alıng’an printsiplerdin’ ulıwmalılıg’ı menen belgilenedi. Olardın’ mazmunı balalardı ha’r ta’repleme ta’rbiyalawdın’ maqset ha’m wazıypalarına tuwra keliw printsipi, turmıs penen baylanıslılıg’ı,ilimiy printsipleri,ta’limnin’ ta’rbiyalawshı ha’m rawajlandırıwshı qa’siyetlerine iyeligi bolıp tabıladı.

Ta’lim beriw barısında izbe-izliktin’ tiykarg’ı sha’rti balalardın’ bilim ha’m ko’nlikpelerin sanalı iyelewi, baqshada ha’m mektepte olardın’ aqlıy ha’m do’retiwshilik qa’bilietlerin o’siriw bolıp tabıladı.

Balalar baqshası menen mektep arasındag’ı ta’lim-ta’rbiyalıq islerdin’ izbe-izligi bala shaxsının’ anıq maqset anıq maqset penen ha’r ta’repleme rawaxlandırıp barıw imkanın jaratadı.

4. Ta’rbiyashının’ pedagogikalıq sheberligi ko’p tarmaqlı boladı. Sheberlik ka’siplik tayarlıqtan, teoriyalıq bilim ha’m is ta’jriybesin ba’rhama asırıp baradı, balalarg’a bolg’an muhabbattan ju’zege keledi.

Ta’rbiyashı mektepke shekemgi ta’rbiya jasındag’ı balalarg’a ta’biyat, ja’miyet ha’diyselerin, u’lkenlerdin’ miyneti haqqında baslawısh bilim ha’m tu’siniklerdi beredi, olarg’a ma’deniy a’dep-ikramlılıq, o’z qatarları ha’m u’lkenler menen ma’deniyatlı qatnasta bolıw a’detlerin sin’diredi, jaqsılıq, haqıyqatgo’ylek, a’dalat, erlik, kishpeyillik, u’lkenlerge hu’rmet penen qaraw, ta’biayatqa qızıg’ıw, baqlawshılıq, o’simlik ha’m haywanlarg’a degen g’amxorlık penen qaraw, miynetsu’ygishdikke, u’lkenler miynetin hu’rmetlewge ha’m asırap-abaylaw kibi a’dep-ikramlıq sıpatların ta’rbiyalaydı. Xalıq sanaatın biliw, sanaatqa muhabbat ta’rbiyashını ma’deniyatlı qıladı, balalar menen alıp barılatug’ın islerde ja’rdem beredi.

Pedagog kerekli bilim ha’m ko’nikpelerdi belgili bir izbe-izlik penen alıp barsa balalardı ta’rbiyalaw ha’m olarg’a ta’lim beriw jumıslarında jaqsı na’tiyjelerge erisedi. Ta’rbiyashı o’z ka’sibinin’ sheber ustası bolıwı ushın arnawlı tayarlıq ko’riwi lazım. Ol to’mendegi sha’rtlerge a’mel qılıwı lazım:

1. Pedagog jas a’wla’dtı ta’rbiyalaw ushın joqarı mag’lumatlı, kerekli bilimlerdi iyelep, kerekli a’debiyatlardı tan’lay alatug’ın, ilimiy a’debiyatlar menen islese alatug’ın, aldın’g’ı ta’jriybeli pedagoglardın’ ta’jriybesin u’yrenip, o’z isinde qollana alatug’ın bolıwı kerek.

2. Pedagog balalardı baqlay alatug’ın, olardın’ minez-qulqı, is-ha’reketlerinin’ sebeplerin durıs bahalay alatug’ın, og’an jaqsı ta’sir etiwshi usıllardı taba alatug’ın bolıwı kerek.

3. Jas a’wladtı kerekli bilim ha’m ko’nikpelerden xabardar qılıwı ushın pedagogtın’ so’ylew ma’deniyatı pedagogikalıq talaplarg’a juwap beretug’ın, anıq, ıqsham bolıwı lazım. Ta’lim beriwde texnikalıq usıllardan na’tiyjeli paydalana alıwı kerek. Balalar bilim ha’m ko’nikpelerdi jaqsı o’zlestirip alıwları ushın qızıqlı sorawlardan paydalanıwı kerek.

4. Ta’rbiyashı o’zine ju’klengen wazıypanı orınlawı ushın balalarda sol iskerlikke qızıg’ıwshılıq oyata alıwı, olardın’ dıqqatın ja’mlep, iskerligin o’siriw, balalardın’ minez-qulqın, is-ha’reketlerin durıs bahalay alıwı kerek

5. Ha’r bir iskerlik ushın kerekli materialdı aldınnan tayarlap qoyıwı, jan’a bilimdi iyelegen bilimleri menen durıs baylanıstıra alıwı ha’m balalar iyelewi lazım bolg’an bilim ha’m ko’nikpelerdi olardın’ jas imkaniyatlarına mas bolıwı ha’m olardı aste-aqırın quramalastırıp barıwı kerek.

6. Ku’n ta’rtibin durıs sho’lkemlestire alıwı, balalar ja’ma’a’tine, ondag’ı ha’r bir ag’zasın itibarg’a alg’an halda basshılıq qıla biliwi, oldardın’ xızmet tu’rlerin mazmunlı bolıwı ushın kerekli materiallar menen ta’miyinlewi za’ru’r.

7. Balalardın’ ruwxıy ha’m fizikalıq jag’dayın anıqlay biliwi ha’m bunı balalar menen a’melge asıratug’ın ta’lim-ta’rbiyalıq islerinde itibarg’a alıwı lazım.

8. Ku’n dawamında alıp barg’an ta’lim-ta’rbiya jumısların analizley alıwı ha’m onı ja’nede jetilistiriw jolların taba alıwı kerek

9. Ta’rbiyashı ata-analar menen u’zliksiz tu’rde sa’wbetlesiwler, ushrasıwlar o’tkeriwi, olardı balalarg’a ta’lim-ta’rbiya beriw boyınsha a’melge asıratug’ın jumıslardın’ mazmunı, metodları menen tanıstırıp barıwı, shan’araq ta’rbiyasındag’ı u’lgili is ha’reketlerdi o’zinin’ ta’lim-ta’rbiyalıq jumıslarında paydalanıwı lazım.

10. Pedagog balalarg’a miyirman bolıwı, ha’r bir bala ushın qolay ruwhıy jag’daylar jaratıwı, qapa bolsa aljastıra alıwı, a’sirese kishkene topar balalarına minayımlılıq penen, itibarlı, sabırlı, balanın’ ku’sh ha’m imkaniyatlarına isenim menen qaraytug’ın bolıwı kerek.

Ta’rbiyashı balag’a mehir-aqibetlilik penen qatnasta bolsa, balalar menen onın’ ortasında miyirbanlıq, g’amxorlıq qatnasıqlar ju’zege keledi.

Ta’rbiyashının’ tiykarg’ı wazıypası balalar ku’ndelikli turmısın qızıqlı jumıslar, mashqalalar, ideyalar menen toltırıw, ha’r bir balanı mazmunlı xızmetke bag’darlawdan ibarat. Balalar xızmetin sho’lkemlestirip, ta’rbiyashı ha’r bir balada do’retiwshilikke umtılıw, tu’rli turmıs mashqalalarınan tuwrı jol tawıp shıg’a alıwın ta’miyinlewden ibarat.

## II.2 Qaraqalpaq shan’araqlarında balalardı ruwhıy, a’dep-ikramlılıq ruwhında ta’rbiyalawda milliy qa’driyatlarımızdan paydalanıwdın’ a’hmiyeti

Ga’rezsizlik jag’dayında qaraqalpaq shan’araqlarında balalardı ruwxıy, a’dep-ikramlılıq ruwxında ta’rbiyalawda milliy qa’diriyatlarımızdan paydalanıwdın’ a’hmiyeti.

Keleshek a’wlad haqqında qayg’ırıw, ha’r ta’repleme salamat, jetilisken insandı ta’rbiyalap kamalg’a keltiriwge umtılıw – bul xalqımızdın’ milliyliginin’ tiykarı bolıp esaplanadı. Erten’gi o’mirimizdin’ dawamshıları bolg’an bu’gingi jas o’spirimlerdi saw-salamat, a’depli, adamgershilikli, sawatlı etip ta’rbiyalaw bu’gingi ku’nde mekteplerde, balalar baqshalarında, litsey, kolledjlerdin’ oqıtıwshılarının’ tiykarg’ı wazıypası. Xa’r qanday ata-ana o’z perzentinin’ baxtın, kamalın ko’riw ushın pu’tkil o’miri dawamında, bar tapqan-tutqanın, jıynag’an-tergenin perzentleri jolına jumsap, janın pida’ etedi. Solay eken, shan’araq ta’rbiyası birinshi gezekte beriletug’ın da’slepki ha’m na’tiyjeli ta’rbiya bolıp esaplanadı. Bala tuwılg’annan baslap, usı muqaddes shan’araq ortalıg’ında jasaydı, qa’liplesip rawajlanadı. Keyin balalar baqshası ha’m ta’rbiyası arqalı a’deplilik, adamgershilik tuwralı bilim ha’m ko’nlikpeleri, tu’sinikleri ken’eyip baradı. Balag’a shan’araq ortalıg’ınan baslap durıs sa’lemlesiw a’debin u’yretiw, jası u’lkenlerdi sıylaw, aldınan kesip o’tpew, jo’nsizlik etip betinen almaw, birew so’ylep atırg’anda so’zin bo’lmew, qaptaldan qosılmaw, janiwarlarg’a hazar bermew, o’simliklerge g’amxor bolıw, o’tirik so’ylemew, otırıw, turıw, ju’riw, so’ylew ma’deniyatının’ da’slepki basqıshların qa’liplestiriw za’ru’r. O’zbekstan o’z g’a’rezsiligin alg’annan keyingi jılları pedagogika pa’ni aldına ta’lim-ta’rbiya dizimin jan’alaw sıyaqlı en’ a’hmiyetli mashqalalar payda bolmaqta. Bunday jan’alanıw protsessi og’ada a’hmiyetli ha’m juwapkershilikli bolıp, ta’rbiya diziminin’ pu’tin bir mazmunın o’z ishine aladı. Bunday wazıypalardı a’melge asırıw ha’m en’ jaqsı na’tiyjelerge erisiwde pedagogtın’ do’retiwshilik xızmetine baylanıslı boladı. Bunın’ ushın ta’rbiya-teoriyasının’ tiykarg’ı bo’legi bolg’an shan’araq ta’rbiyasına ayrıqsha itibar beriw za’ru’r. Shan’araq ta’rbiyası tiykarında

bolsa ruwxıy-a’dep-ikramlılıq jaqtan ta’rbiyalaw mashqalası turadı. Sebebi, ta’rbiya sonday protsess, bala shan’araqta jaqsı na’rselerdi ko’rse jaqsıg’a, jaman na’rselerdi ko’rse jaman na’rselerge da’rhal erip ketedi. Sonlıqtan, ata-babalarımız «Qus uyasında ne ko’rse, ushqanda sonı ko’redi»- degen naqıl tikkeley shan’araq ta’rbiyasına baylanıslı ekenligin ko’rsetedi. Ata-babalarımız da’stu’rlerimiz boyınsha, jaslardın’ u’lken jastag’ı insanlardı tanıw yamasa tanımaslıg’ına qaramay sa’lemlesiw, olar menen mu’la’yim mu’na’siybette bolıw, jası u’lken menen jolda duslasıp qalg’anda jol beriw za’ru’r ekenligin aytadı.

Demek, insandag’ı bunday pazıyletlerdi jetilistiriw birinshi gezekte balanın’ tuwılg’anınan baslanadı. Solay eken, soraw payda boladı, pedagog ata-analar menen qanday ta’lim-ta’rbiya jumısların birgelikte alıp barıw za’ru’r?

1.Ayırım shan’araqlarda balalardın’ ta’rbiyası tek g’ana analar moynına ju’klenedi, atası bolsa bul jumıslardan o’zlerin shetke aladı. Yag’nıy o’z perzentlerin baqsha, mektep ta’rbiyalap beriwleri sha’rt degen pikirde boladı. Tariyxıy ta’jiriybeler sonnı ko’rsetedi, shan’araqta qız bala ta’rbiyası menen anası, ul balanın’ ta’rbiyası menen atası, biraq olar tiykarınan atası baqlawında bolg’an.

2. Ata-analar balalarına birdey mu’na’siybette bolıwı, birdey mehriyban ha’m g’amqor, talapshan’ ha’m qattıqol bolsa balalar o’miri tınısh boladı.

3. Ko’pshilik ata-analar balaların ta’rbiyalaw barısında o’z wazıypaların jaqsı bilmeydi. Basqasharaq qılıp aytqanda olardın’ pedagogikalıq tayarlıg’ı jetispeydi yamasa olar nadurıs tu’sinedi.

4.Ha’r bir shan’araqtın’ o’zine ta’n da’stu’rleri za’ru’r. Bul da’tu’rler bala sana-sezimine, minez-qulqına ta’sir ko’rsetedi. Mısalı shan’araq ag’zalarının’ tuwılg’an ku’nlerin o’tkeriw, tuwısqanlarının’ halınan xabar alıw ha’m t.b. En’ a’hmiyetlisi ata-analarının’ o’z ata-analarına bolg’an hu’rmetleri ha’m mehriybanshılıg’ın o’z ornına qoyıw.

5. Bala ta’rbiyasında ata-analarının’ jumıs ornı, maxalle ha’m qon’sı qobaları arasındag’ı abıroyı da u’lken rol atqaradı. Sebebi, bala ata-anasının’ xızmeti ha’m miyneti menen maqtanısh sezimlerin payda etedi.

Elimiz Prezidenti İslam Karimov balalar ta’rbiyası tuwralı mınaday dep ko’rsetedi:

«Bala tuwılg’an ku’ninen baslap-aq shan’araqtın’ ta’sirinde jasaydı. Shan’araqqa ta’n bolg’an u’rp-a’detler, da’stu’rler balanın’ zuwalasın qa’liplestiredi. En’ tiykarg’ısı, perzentler shan’araqtag’ı turmıs mektebi arqalı ja’miyettin’ talapların tu’sinedi ha’m sezedi».

Prezidentimizdin’ atap ko’rsetkenindey, мектеплердиң shan’araq penen baylanıs  ma’selesi en’ aldı menen shan’araq ta’rbiyasınan baslanadı. Bizin’ xalqımızda a’zzel-a’zzelden shan’araq muqaddes qorg’an esaplang’an. Onın’ abıroyı, keleshegi perzentler kamalı ushın ha’r bir shan’araq ag’zası o’zin juwapker sezgen. O’z shan’arag’ımızdı ha’r birimiz ju’regimizge jaqın tutamız. Sebebi, biz ushın qa’dirdan bolg’an bul oshaq basında o’zimizdi erkin, tınısh, biyqa’ter sezemiz. Uzaq joldan sharshap , o’zimizdi biyjag’day sezsek, da’rhal «qoy, oshag’ımnın’ basına barıp dem alayın» dep asıg’amız.

Mine, usınday pazıyletlerdi balalar baqshalarında ta’rbiya barısında ha’r ta’repleme u’yretip barıw – bul ha’r bir ta’rbiyashının’ a’diwli isi dep esaplaymız.

1998-jılı qabıl etilgen «Shan’araq» jılında O’zbekstan Respublikasının’ Shan’araq Kodeksi ma’mleketimizdegi ha’r bir shan’araqtın’ ha’m onın’ ag’zalarının’ tınısh-tatıw jasawın, shan’araq ag’zaları bolg’an kishkenelerdin’ ta’rbiyasın durıs beriwdi ta’miyinleydi ha’m talap etedi.. Analıqtı ha’m balalıqtı, atalıqtı qorg’awg’a bag’darlang’an ma’mleketlik da’stu’rlerdi a’melge asırıw imkaniyatın beredi.

BMSh nin’ Bas Assambleyasının’ qararı menen 1994-jıldan baslap 15-may ku’ni xalıq aralıq «Shan’araq ku’ni» sıpatında belgilenip kelinbekte. Shan’araq ma’selesine bunshelli u’lken itibar berilip atırg’anlıg’ının’ tiykarg’ı sebebi - ma’mleketler menen du’nyanın’ rawajlandırıwshı ku’shlerin shan’araq mashqalaların sheshiw jolındag’ı ku’sh ha’m imkaniyatların birlestiriwden ibarat.

Haqıyqatında da balalar baqshaları menen shan’araq arasındag’ı baylanıs ha’m onın’ bekkemligi ma’selesi ulıwma xalıqlıq wazıypa bolıp, insan qaysı ma’mlekette tuwılıp, qaysı jerde jasasa da, ol shan’araqta o’sip ulg’ayadı, kamalg’a keledi, ja’miyetke qosıladı.

Xalqımızda «Qus uyasında ko'rgenin qıladı» degen ga'p bar. *a'r ta'repleme u'lgili shan'araqta kamal tapqan insannın' ja'miyettin' rawajlanıwına qosqan u'leside ullı boladı. Ta'rbiyalı, zıyalı adamnın' ju'regi taza boladı.

Ga'rezsiz ma'mleketimizde ata-ananı qa'dirlew, olarg'a hu'rmet-izzet ko'rsetiw ma'mleket siyasatı da'rejesine ko'terilmekte. Sebebi, ata-ananı hu'rmetlewdin' tu'p ma'nisinde shan'araqtı hu'rmetlew jatadı. Shan'araq degende tek ata-ananın' emes, al perzentlerdin'de ma'pi ko'zde tutıladı. Ha'r bir shan'araqtın' o'zine ta'n ta'shwishleri, quwanıshları menen mashqalaları boladı.

Shan'araqtın' baslıg'ı er ha'm hayal, yag'nıy ata-ana. Er shan'araqtın' quyashı bolsa, hayal onın' nurı. Er a'dil patsha bolsa, hayal aqıllı wa'zir. Er-bul ata, hayal-bul ana demekdur. Bul eki a'lemnin' tatıwlasıp, birigiwinin' na'tiyjesinde u'shinshi bir a'lem-shan'araq du'nyag'a keledi. Shan'araq tınısh-tatıw, awızbirshilikli bolsa, bul jerden shıqqan perzentler kamalıda ha'r ta'repleme go'zzal boladı.

Balalar ta'rbiyasında a'kenin' shan'araqtag'ı ornı, onın' tuwrı so'z ha'm talapshan'lıg'ı, ananın' mehribanlıg'ı, sonday-aq shan'araqtag'ı salamat turmıs qa'lpi, o'z-ara mehir-miriwbet, tatıwlıq, bir-birewge hu'rmet, ata-ananın' bilim da'rejesinde u'lken rol oynaydı. Shan'araq ha'r bir adamnın' ju'ginip baratug'ın mehirli qorg'anı. Ha'r bir insang'a o'z shan'arag'ı bawırında, jaqınlarının' qasında tolıp tasıp, pu'tin bolıp jasawdın' qa'dir-qımbatı baqsha ta'rbiyasında u'yretiledi.

Biz bu'gingi ku'nimizde ken' huqıqlı, Erkin demokratiyalıq ma'mleket qurıp atırg'an milliy da'stu'rlerimizge, o'zligimizge qaytıp atırg'an bir waqıtta onın' a'hmiyeti tag'ıda artıp bara beredi.

Shan'araqtın' bekkemligi tuwralı so'z ete kelip Prezidentimiz «za'ru'r bolsa baqsha ta'rbiyasın shan'araqtan baslaw kerek»,-degen edi. Usı aytılg'anınday ha'r bir ata-ananı balasının' den-sawlıg'ı oylandırmay qoymaydı. Olardın' sap deneli, es-aqılı, den-sawlıg'ı bekkem bolsa, ata-ananın' da kewli toq boladı. Ha'zirgi waqıtta bilimlendiriw xızmetkerlerine u'lken wazıypalar ju'klenbekte. Balalar baqshalarında ta'rbiyalanıwshılarg'a ta'lim-ta'rbiya menen birgelikte olardı o'z isinin' mamanı, o'zinin' islegen isine sanalı tu'rde juwap bere alatug'ın jetik insanlardı ta'rbiyalawdan ibarat. Sebebi, bu'gingi baqsha ta'rbiyalanıwshısı -

erten’gi mektep oqıwshısı, erten’gi ku’ni xalıqtın’, eldin’, Watannın’ ta’g’dirin belgilep bere alatug’ın erten’imizdin’ keleshegi. Sonlıqtan, ha’r bir ta’rbiyashı o’zine ju’klengen juwapkershilikti sezinip, insanıylıq, adamgershilik ju’zesinen is alıp barsa, baqsha ta’rbiyasının’ na’tiyjesi o’zinin’ jaqsı ko’rsetkishlerin beredi.

Baqsha ta’rbiyası menen shan’araq ta’rbiyasının’ birligi ja’miyetlik ta’rbiya sistemasının’ tiykarg’ı printsiplerinin’ birinen esaplanadı. Shan’araqtın’ balalarg’a ta’siri olardın’ ja’miyetlik ta’rbiyası menen u’zliksiz ra’wishte qosıp alıp barılıwı dazım.

Baqsha balasının’ ta’rbiyası o’z ten’lesleri arasında a’melge asırıladı, bul ja’miyetlik ta’rbiyanın’ jetekshi rolin belgileydi. Bul jerde bala da’slepki ja’miyetlik a’dep-ikramlıq ko’nlikpelerin iyeleydi. Al, bul ko’nlikpeler ta’rbiyashı ha’m metodistler ta’repinen baqlaw xarakterinde gu’zetiledi ha’m qa’nigeler ta’repinen u’yreniledi.

Ja’miyetlik ta’rbiya tiykarında balanın’ qa’liplesiwinde shan’araqtın’ ornının’ u’lken ekenligi ilimiy jaqtan da’liyllengen. Shan’araq - ja’miyettin’ baslang’ısh bo’limi bolıp, onda jan’a insan ju’zege keledi, bul kishkene g’ana ja’miyetlik itibar – bala ushın da’slepki o’mir mektebi. Ata-analar balanın’ birinshi mug’allimi ha’m ta’rbiyashısı. Olardın’ endi g’ana qa’liplesip baratırg’an bala ushın ta’siri ju’da’ ku’shli. Ata-analardın’ balag’a ta’sir etiwinin’ tiykarg’ı belgilerinin’ biri -bul olardın’ o’z perzentine bolg’an muhabbatı menen udayı g’amxorlıg’ı bolıp tabıladı. Al perzentler bolsa, bul muhabbat ha’m g’amxorlıq ushın ata-analarına bolg’an mehribanlıg’ı, muhabbatı, olar jolınan barıw, atag’a, anag’a hu’rmet ha’m jaqsı pazıyletleri menen juwap beredi. Shan’araq ta’sirinin’ ku’shi balanın’ ta’rbiyalıq ta’sirlerine beyimliligi menen belgilenedi.

İnsan huqıqlarının’ deklaratsiyasında «ata-analardın’ ta’rbiyalıq roli olardın’ a’hmiyetli ja’miyetlik wazıypası» dep bahalaydı. Al, o’z gezeginde balalar ata-analarы haqqında g’amxorlıq etiwge ha’m olarg’a ja’rdem beriwge ma’jbu’r, - dep ko’rsetiledi. Kishkene balalardı ta’rbiyalawda shan’araqtın’ ornı ayrıqsha u’lken, olar ata-analar basshılıg’ında qorshag’an ortalıqtag’ı du’nya haqqında da’slepki tu’siniklerdi aladı. Sonıda aytıp o’tiwimiz tiyis: kishkeneler ta’rbiyasında ayırım qa’teliklerge jol qoyatug’ın shan’araqlarda ushırap turadı. Bul balalardın’

keleshekte o’sip jetilisiwine keri ta’sirin jasaydı ha’m qayta ta’rbiyalawg’a tuwra keletug’ın mashqalalardı keltirip shıg’aradı. Bul qa’telerdin’ tiykarg’ı sebebi - ata-analardın’ pedagogikalıq ma’deniyatının’ jeterli da’rejede bolmag’anlıg’ınan kelip shıg’adı. Usı jerde ata-analardın’ ta’rbiyalıq ilimdi iyelep alıwına kim ja’rdem beriwi kerek?-degen soraw o’z-o’zinen payda boladı. Bul jumısta mektepke shekemgi ta’rbiya ma’kemelerinin’ pedagogları a’hmiyetli wazıypalardı atqaradı. Olar shan’araq ha’m baqsha balalarına ko’rsetiletug’ın ta’rbiyalıq ta’sirdin’ birden - bir baylanısın ornatıwg’a ha’reket etip, ata-analarg’a pedagogikalıq bilim beriw jumısların a’melge asırıp, olarg’a a’meliy ja’rdem ko’rsetedi.

## I.3 Ata-analar ha’m mektep penen islesiw

Ja’miyettin’ jedel rawajlanıwı, xızmet tu’rlerinin’ quramalasıp shaxs sanasına ko’rsetip atırg’an ko’rinbes ta’sirlerinin’ ku’sheyiwine alıp kelmekte. Mine sonday sharayatta kisinin’ bar bilimi, ka’sip–o’neri, ko’nikpeleri kemlik qılıp qalmaqta. En’ aldı menen, insanlarda shan’araqta payda bolg’an talg’am, parasat, aqıl, a’dep, emotsional ma’deniyatına mu’ta’jlik sezilmekte. Estetikalıq, a’dep–ikramlılıq ha’m basqa ta’rbiya sıpatları, ku’ndelik turmıs ıqtıyajına aylanıp barmaqta. Ta’biyki, bunday sıpatlarg’a shan’araqlıq ta’rbiya arqalı tiykar salınadı, kamal taptırıladı. Tuwrı, bunda sotsial ta’rbiyanın’ ornın inkar etip bolmaydı. Mine usı qarasınan olardın’ birligine, o’z–ara birgelilerine tiykarlansaq, jetilisken insan ta’rbiyasında tabıslarg’a erisiw mu’mkin. shan’araqlıq ta’rbiya pedagogika pa’ninde quramalı mashqalalardan biri. Onın’ quramalılıg’ı sonda, ha’r bir shan’araq o’zine ta’n alg’ashqı topar bolıp, ta’rbiyada tek usı toparg’a ta’n o’zgesheliklerine tiykarlanadı.

Aytıp o’tkenimizdey, shan’araqlıq ta’rbiyanı sotsial ta’rbiya menen almastırıw balalar jetilisiwine jaman ta’sir ko’rsetedi. Mısalı, yasli, baqshalarg’a barmaq, tek shan’araqta o’sken balalar mektepke barg’anlarında o’z ten’lesleri ishinde ko’p ta’repleri menen ajıralıp turadı.

Shan’araqtın’ balalarg’a mtaeriallıq ha’m ruwxıylıq g’amxorlıg’ın, ko’rsetip atırg’an ta’rbiyasın yasli, baqsha ta’rbiyası menen yaki, kerisinshe, yasli baqsha ta’rbiyasın shan’araqlıq ta’rbiya menen almastırıp bolmaydı. Tek o’z–ara birgeliktegi ma’seleni jaqsı sheshiw mu’mkinshligin beredi.

Biraq o’zinin’ o’zgeshelikleri ha’m qaytalanbas ta’siri menen shan’araqtın’ bala ta’rbiyasında za’ru’r fatkor bolıp qaladı. !meliyatta baqlag’anımızda, balada ata–anasının’ mehiri, erkelewleri tiykarında ata–analarına, qarındaslarına bolg’an sezimleri qa’liplesedi. Balanın’ atasına bolg’an hu’rmeti onanıq hu’rmetin jayına qoyıwda tiykar boladı. Anag’a bolg’an mehir–muhabbat na’tiyjesinde o’z shan’arag’ına, hayalı, perzentlerine bolg’an mu’na’sibetlerinde o’z sa’wlesin tawadı.

Ekinshi ta’repten balalar ha’m o’z ata–analarına ta’sir ko’rsetedi. Shan’raqlıq baylanısların shan’araqlıq qızıg’ıw, ruwxıylıq qa’siyetlerin rawajlanıwına sebep boladı.

Ata–analardın’ o’zine ha’m balalarına bolg’an talapshanlıg’ı, u’lken ha’m kishilerdin’ o’z–ara mu’na’sibetleri, doslıq, ortalıq, isenim ha’m o’z–ara bir–birlerin tu’sinik shan’araq, mektep ha’m ja’ma’a’tshiliktio’ balalar ta’rbiyası haqqında alıp barılatug’ın za’ru’r faktorlarınan biri. Bunday birliktin’ ju’zege keliwi, en’ aldı menen, ata–analardın’ siyasiy sanılıg’ı za’ru’r rol onaydı. Ata–analardın’ aktivligi shan’araqlıq turmısta o’z sa’wlesin tawadı. Usı ma’nide balalar o’z ata–analarının’ siyasiy ha’m puqaralıq ko’rinislerine qarap o’z minez–qulıqların ta’rtipke saladı, hu’rmetlerin hayına qoyadı.

Balalar u’lkeyip baslawı menen o’z ata–analarının’ qay jerde islewleri, ja’miyette tutqan orınları, olardın’ bilimine qızıg’a baslaydı. Sonın’ ushın ha’m ata–analarının’ nelerge qızıg’ıwların, kimler menen bir qatarda ekenligiklerin balalar mu’mkin qadar erte bilgenleri maqul. Ata–ana qanday jumısta bolmasın onı keskin, el hu’rmetine ılayıq bir jumıs dep biletug’ın bolıwı kerek. Bul haqqındag’ ıshan’araqtag’ı ta’rbiyanın’ maqsetke muwapıq sho’lkemlestiriliwi haqqında juwapkershilik ma’lim da’rejede mektepke ju’klenedi.

Shan’araqtag’ı basshılıqtın’ ta’rbiyalıq ta’repinen tuwrı bolıwın ta’miyinlew mekteptin’ za’ru’r wazıypalarınan biri. Shan’araqlıq ta’rbiyanın’ mazmunlı sho’lkemlestiriwine da’slepki ta’sirdi mektep belgileydi. Mektep g’ana shan’araqlıq ta’rbiya na’tiyjeligin asırıw ju’zesinen basshılıq qıla aladı. Bul wazıypalardın’ tabıslı orınlanıwında, jaqsı sheshiliwinde ata–analar ortasında alıp barılatug’ın ta’rbiyag’a ta’n en’ jaydırıwdın’ roli u’lken. Ata–analardı ha’zirgi zaman psixologiyalıq ta’lim–ta’rbiyalıq bilimler menen qurallantırmay turıp, shan’araqlıq ta’rbiyanı jolg’a qoyıp bolmaydı. Bala ta’rbiyası haqqında shan’araq, mektep ha’m ja’ma’a’tshilik birgeliktegi islewi ha’zirgi ku’nimizdin’ aktual ma’seleligi ha’m sonda. Birinshiden, bala ta’rbiyasında shan’araq, mektep ha’m ja’ma’a’mtshilik birgelikte islesiwinin’

o'zi quramalı protsess bolıp, bunda mug'allimlerdin tıs islep shıg'arıw ja'ma'a'tleri wa'killeri, jaslar, ka'siplik awqamları qatnasadı.

Ekinshiden, ata–analar ha'm qarındaslar tu'rli miynet ja'ma'a'tlerinin' wa'killeri bolıp, islep shıg'aprıw ha'm doslarının' ruwxıylıq turmıslarında faktorların dodalaydı, olardı turmısqa, o'nerge, shan'araqlıq ma'jbu'riyatlarg'a bolg'an mu'na'sibetleri haqqında aytadı. Usı sebepli mine sonday topar shan'araqlarında ta'rbiya tawıp atırg'an balalar basqa ata–analardın' ko'shede, ja'ma'a't jaylarındag'ı turmıs xızmetlerine qarap o'z ata–analarına baha beredi. Toplang'an ta'jiriybelerin yasli, baqsha, mekteptegi ortaqları menen dodalaydı ha'm basqa.

Shan'araqlardın' balalar ta'rbiyası ushın mu'mkinshilikleri ken' bolıp, ko'plep shan'araqlarımız materiallıq ta'repinen jaqsı ta'miyinlengen. Ata–ananın' ko'pshiligi en' keminde orta mag'lıwmatlı. Bunday halatlar ata–analardı pedagogika, psixoldogiya tarawındag'ı bilimler menen qurallanıwına ha'm mektep menen birge islesiwine balalar ta'rbiyasın jaqsılaw mu'mkinshiliklerin jaratadı. Ata–analardın' bilim da'rejesi, ulıwma ta'rbiyag'a ta'n ma'deniyatı, sotsial umtılıwları ha'm talapları, balalar ta'rbiyasına tu'rlishe mu'na'sibetleri, qa'liplesken turmıslıq ta'jiriybeleri, ta'rbiya ha'm sotsial rawajlanıw na'tiyjesinde payda bolg'an isenimleri, shan'araqtag'ı o'zine ta'n balalar ta'rbiyasına u'lken ta'sir ko'rsetedi.

Ko'plep awıl shan'araqlarında ma'lim da'rejede balalar ta'rbiyası haqqında ja'ma'a'tshilik ja'rdemi barlıg'ına qaramastan ta'rbiyalıq ku'shlerdin' bir pu'tinligine erisilmegen, o'z–ara birgelikte islewdi qanday sho'lkemlestiriw mu'mkinligi haqqında mag'lıwmat jeterli emes. Oqıtıwshılar ha'm klass ata–analar ma'jilisinin' o'tkeriliwi mektep ha'm shan'araq birgelikte islesiwin ta'miyinleydi, dep oylaydı. Tuwrı, ata–analar ma'jilisi ha'm birgelikte islewdi ta'miyinlewdin' en' za'ru'r faktorlarınan esaplanadı, biraq shan'araq, mektep, ja'ma'a'tshilik birgelikte islesiwi ushın, olardı birlestiriw ushın arnawlı sho'lkemlestirilgen oray bolıwı tiyis ha'm olar birlikte jumıs alıp barıwı lazım.

Demek, mektep ideyalıq sho'lkem sıpatında ba'rshe ta'rbiyalıq jumıslardı maqsetke muwapıq sho'lkemlestiriw tiyis. O'z oqıtıwshılar ja'ma'a'tin uyımlastıra alg'an, ja'ma'a'tshilikti balalar ta'rbiyasına bag'darlay alg'an, olardın' ata–analarıń jaqsı bilgen mektep administrattsiyasına ta'rbiyalıq tabısların qolg'a kirite aladı. Bunday mektepler o'z a'tirapındag'ı zavod, fabrika, ja'ma'a't ha'm ma'mleket xojalıqları, atalıqqa alg'an ka'rxanalar menen baylanıslı bekkemlep, oqıwshılardın' mektepten bos waqıtların mazmunlı sho'lkemlestiriw, qarawsız, ta'rbiyası awır balalardı o'z qadag'awlarına almaqta. Bunday qayırlı jumıslardı ata–analar mektep menen jaqınnan baylanısta bolıp oqıwshılar ta'rbiyası haqqında oqıtıwshılar ja'ma'a'ti menen jumıs alıp barmaqta.

Biraq, ko'plep ata–analar balalar ta'rbiyasına tayar emeslikleri, olarg'a ta'sir etiwshi tu'rli faktorlardan xabarsızlıqları, bala jetilisiwinin' quramalı ta'replerin bilmeslikleri na'tiyjesinde shan'araq ta'rbiyada ko'plep kewilsiz waqıyalar ju'z bermekte. Bunday jaman faktorlar ul yaki qızlardın' mekteptegi ta'lim–ta'rbiyasına jaman ta'sir ko'rsetpekte.

Baqlawlar sonı ko'rsetedi, ayrım ata–analar balalar ta'rbiyası ha'm olardın' keleshekleri haqqında zaman talabı da'rejesinde ta'rbiyalıq juwapkershilikli sezmey atıp. Ata–analar menen sa'wbetlesiw na'tiyjesinde usı na'rse anıqlandı, olar perzentleri 15-16 jasqa jetkenge shekem «Ulım yaki qızım joqarı klassta oqımaqta. Keleshekte qay jerge jibersem eken, qay jerde oqıtsaq eken» degen pikirge baradı. Mu'mkinshiligi barınsha, tanıs–bilis arqalı o'zleri ushın maqul orınlag'a oqıwg'a yaki jumısqa jaylastırmaqta boladı. Olar balalardın' qa'biletine ha'm qızıg'ıwına ha'm, qa'lewine ha'm itibar bermeydi. Bunday halat ata–analardın' ta'rbiya ma'selesinde anıq maqset ha'm da'stu'rleri joqlıg'ı na'tiyjesinde payda boladı.

Ornı kelgende sonı ayrıqsha aytıp o'tiw kerek, ayırım mektep oqıtıwshıları arsında o'z jumısına juwapkershiliksiz menen mu'na'sibette bolıwshı shaxslar ha'm joq emes. Olardın' en' jaman qa'telerinen biri ta'rbiyag'a ta'n ba'rshe

kemshiliklerdi ata–analar moynına ju’klep qoyıp, o’zleri baqlawshı bolıp qaladı.

Oqıtwshı ata–analırının’ aktiv ja’rdemisiz balalardın’ jetilisiwin ta’miyinley almaydı. Bul orında ta’rbiyashıntsn’ o’zin ta’rbiyalaw tiyisligin ha’m esten shıg’armaslıq kerek. O’zine talapshan mug’allim ata–analar menen birgelikte islesiw oqıwshılardı mustaqil pikirlew ha’m ha’reket qılıw, jan’alıqtı seziw, isbilermenlik ha’m do’retiwshilik uqıplılıqların qa’liploestiriw maqsetinde ularg’a qatan’ talaplar qoyıw ushın ruwxıylıq huqıqqa iye boladı.

Respublikamızda ayırım mekteplerinde ata–analardı ma’lim toparlarg’a bolıp ma’jilislerge shaqırıw en’gizilmekte. Mısalı, jas ha’m az ta’jiriybeli shan’araqlardı ayrıqsha, tolıq emes shan’araqlardı, ko’p balaları shan’araqlardı, ayrıqsha shaqırıp, olar menen islew jolların belgilemekte.

Ba’zı ata–analar balalarının’ «u’y wazıyalarına ja’rdem beriw kerekme» degen sorawdı beredi. Bug’an «awa» yaki «joq» dep juwap berw ha’m orınsız. Ga’p sonda, u’yge berilgen tapsırmalar balalardın’ o’zbetinshe jumısları bolıp, olardın’ pikirlew aktivligin ta’miyinlewdi maqset qılıp qoyadı. Oqıwshılardın’ ol yaki bul oqıw mtaerialları menen a’melde tanısları, tiyisli juwmaq shıg’arıwldarı na’zerede tutıladı. Usı sebepdli u’y wazıypaların balalardın’ qatnasıwsız o’zleri sheship bermesten, ba’lki onı sheshiwde ta’rbiyalıq basshılıq qılıwları, pikirlew ushın mu’mkinshilik do’retiwi tiyis. Ba’zen sonday halatlar ushıraydı, ata–analar balalardı oqıtıp atırg’an oqıtıwshılardı, ta’rbiyashılardı tanımaydı, bilmeydi. Balaları bos waqıtların qay jerde, kim menen o’tkeriwinen xabarsız boladı. Ba’zen oqıtıwshılardın’ talapları, iltimas–qa’lewlerine natuwrı juwap beriwshi, kerisin orınlawshı ata–agnalardı ha’m ushıratıw mu’mkin.

Mektepke tez–tez barıp turıwshı ata–analardın’ xızmeti maqtawg’a ılayıq. Oqıtıwshılar menen ushırasıwlar, balaları haqqında biodirgen pikirleri o’z na’wbetinde ata–analar ushın za’ru’r a’hmiyetke iye boladı. En’ za’ru’ri, olar balaları qay jerde, kim menen ju’redi, olardın’ dosları kim ha’m qanday pa’nlerge qızıg’ıwların bilip aladı, qadag’alaw mu’mkinshiligi artadı.

Mektepti shan’araq menen baylanıtsırıw quralı – bul oqıwshılar. Oqıwshılar menen islew, olardın’ ilimiy du’nya qarasların qa’liplestiriw, sotsial aktivliklerin ta’miyinlew arqalı ata–analarg’a ta’sir ko’rsetiw usılların islep shıg’ıw maqsetke muwapıq. Bul haqqında mektep ha’m shan’araq baylanısın ta’miyinlewshi ata–analar ma’jilisleri, balalar ta’rbiyasına baylanıslı mashqalaardı ja’ma’a’t bolıp sheshiw sıyaqlılardın’ rolin inkar etip bolmaydı. Tiykarınan, «Balan’ızdın’ qanday oqıwın bilesizbe» , «Balarımız a’debi haqqında sa’wbetleseyik», «Mustaqil turmıs bosag’asında» sıyaqlı temalarada alıp barılatug’ın sa’wbetler ata–analardı o’z balaları haqqında, olardın’ keleshegi haqqında qayg’ırıwlarına sebep boldı.

Joqarıdag’ı juwapkershilikli wazıypalardın’ orınlanıwında klass basshılarının’ ta’rbiyalıq xızmetleri ayrıqsha za’ru’r a’hmiyetke iye. Mısalı, klass basshılarının’ ha’r bir shan’araqqa kirip barıwıv usı shan’araqqa ha’m ata–analarg’a hu’rmet sıpatında bahalanadı. Klass bashsının’ ata–analar menen birgelikte ta’rbiyalıq shara–ila’jların belgilewlerin, klass basshılarının’ oqıwshılar ko’z aldın da ata–anaları menen sa’wbetlesiwleri olardın’ ta’rbiyasına na’tiyjeli ta’sir ko’rsetedi. Klass basshısının’ ata–analar menen sa’wbetinen keyin oqıwshılar turmısında sezilerli o’zgerisler ju’z beredi, bul olardı quwantıradı, ja’nede ku’sh; g’ayrat sarıplawg’a ılhamlantıradı. O’z na’wbetinde, klass basshıları ata–analar ta’repinen bildirilip atırg’an xabar. Kritikalıq pikirlerdi awırlıq menen tiklewleri, mulayımlıq menen esitiwleri ha’m mu’mkinshilik ortalg’ında sezimleri ju’da’ za’ru’r.Bunday mu’na’sibetlerde klass basshılarına ata–analardı o’z ten’leslerindey dos tutıwları, «Kelin’ birgelikte oylap ko’reyik», «Siz ne deysiz» sıyaqlı doslıq soraw–juwaplar arqalı jumıs alıp barıwları usınıs etiledi.

# J u w m a q l a w

Joqarıda aytılg'anlardan juwmaq jasap, mektep bosogası ta'lim diziminin' en' a'hmiyetli tarawı bolg'an  ba'rkamal a'wla'd tiykarınan usı tarawda qa'liplesip baratug'ınlıg'ın ayrıqsha atap o'tkimiz keledi. Sol sebepli  mektepte balalardı ha'r ta'repleme jetik etip ta'rbiyalawda olardı erkin pikirlewge bag'darlaw ha'm Watang'a muhabbat sezimin ta'rbiyalawda ta'lim-ta'rbiyanın' en' a'hmiyetli bo'limlerinin' biri bolıp sanaladı.

Bul mashqalanı ilimiy-pedagogikalıq ha'm a'meliy ta'repten iske asırıw ushın da'slep onı durıs rejelestiriw ha'm maqsetke muwapıq sho'lkemlestiriw, balalardın' jas ha'm psixologiyalıq o'zgesheliklerin esapqa alıw, bul ushın ta'limnin' aldıng'ı  texnologiyaların paydalanıw, a'sirese, bul protsessti dogerek-a'tiraptı u'yreniw  protsesinde balalardın' erkin xızmet tu'rleri arqalı a'melge asırıw u'lken a'hmiyetke iye. Sonın' ushında mektepte okıu barısında balalardı okıtıudın' innovatsion-interaktiv metodlarınan paydalanıu arqalı, olardın' sana-sezimin rawajlandırıw mazmunın ha'm sho'lkemlestiriwshi-metodikalıq o'zgesheliklerdi belgilep alıw u'lken a'hmiyetke iye.

Shan'araq ha'm mektep arasındagı u'zliksiz baylanıs quramalı ha'm ko'p ta'repleme du'ziliske iye. Onda ta'lim-ta'rbiyalıq islerinin' mazmunı, metod ha'm usılları, sho'lkemlesiw tu'rleri, sonın' menen birge balardı ta'rbiyalaw  sha'rt-sha'riyatları ha'm pedagogikalıq talap sıyaqlı jetekshi ta'replerin ajıratıp ko'rsetiw mu'mkin. Bul jag'dayda to'mendegilerge ayrıqsha itibar beriwimiz kerek`

1. Mektep talabı sol ko'z-qarastan balalardın' bilimlerin teren'irek  iyelep barıwıları lazım.

2. Balalardı mektep talabı da'rejesindegi bilim, ta'jriybe, ko'nlikpeleri menen qurallandırıw za'ru'r.

3. Balalardın' mektepke ruwxıy tayarlıg'ı. Bul jerde shan'araqtın' wazıypası balalar miynetinin' ha'r qanday tu'rine tayar turıwları, olarda aqılıy miynet-bilimge qızıg'ıwshılıqların asırıw, olardın' keleshektegi g'a'rezsiz xızmetke tayarlawdan ibarat.

4. Mektepte beriletug'ın ta'lim rawajlandırıwshı ta'rizde bolıwı kerek.

U’zliksizlik  mektep ha’m shan’araqtın’ shaxstı ha’r ta’repleme qa’liplestiriw boyınsha alıp barılatug’ın ta’lim-ta’rbiya jumısın izleniwshilik boyınsha a’melge asırıw imkaniyatın jaratadı.

Balalar menen bolatug’ın o’z-ara mu’na’sibet tu’rleri, morallıq sezim ha’m ko’z aldına keltiriwler mekteptin’ baslawısh klasslarında balalarg’a jan’a morallıq minez-qulıq tu’rlerin olardlın’ sanasın, sezim-tuyg’ıların ta’rbiyalaw ushın derek bolıp xızmet etedi.

Shan’araq balalarda morallıq ko’z aldına keltiriwler ha’m minez-qulqında birgelikli bolıwın ta’rbiyalaw, o’z is-ha’reketi ushın shaxsiy juwapkershiligin seze biliw, ja’miyetshilik qa’siyetleri, sıpat jag’ınan jan’asha minez-qulıq tu’rlerin qa’liplestiriw ushın sha’rt-sha’riyat jaratadı. Mektepte watansuyiushilik,  o’z watanı aldındag’ı parızın teren’ an’law ki’bi sezimler payda boladı. Bunday joqarı sezimler balalardın’ ata-analarına, shan’arag’ına muhabbat, u’lkenlerge hu’rmet, ana ta’biyatqa mehir ha’m usı sıyaqlı morallıq sezimler tiykarında qa’liplesedi.

Balalarda miynetke su’yiwispenshilikti ta’rbiyalaw, miynetkeshlerge unamlı qarım-qatnas, miynet ta’jriybe ha’m ko’nlikpelerin qa’liplestiriw jumısları da mektepte ha’wij alıp  barmaqta.

Shan’araq penen mektep ortasındag’ı miynet ta’rbiyası boyınsha u’zliksiz baylanısta miynet ta’rbiyasının’ mazmunın quramalastırıwg’a, onı  sotsial paydalı ta’repke qaratıwg’a, balalardın’ miynettegi g’a’rezsizligi, o’z-o’zin sho’lkemlestire biliwge, morallıq qarım-qatnaslardın’ sanalı umtılıwg’a alıp keledi. Miynet xızmeti ja’ne de derek tawıp baradı

Balalardı a’dep-ikramlılıqqa, estetikalıq ha’m miynetke ta’rbiyalaw ma’selesin sheshiwde ha’r ta’repleme jaylasıwdı a’melge asırıwdı basqa millettegi balalardı qaraqalpaq xalqının’ ruwxıy baylıg’ın, onın’ u’rp-a’detin da’stu’rlerin u’yretiw negizinde, olarda qaraqalpaq tilinde qatnasıw, olarda ma’deniyatın milliy elementler du’ziw bolıp tabıladı.

Demek, mektepte balalardın’ ta’lim-ta’rbiyasında jan’a pedagogikalıq texnologiyaldardı paydalanıw, olardın’ do’retiwshilik qa’bilietin rawajlandırıp, olardı erkin pikirlewge bag’darlaw, olarda Watang’a degen su’yispenshilikti ta’rbiyalaw, ja’miyetimiz aldında turg’an en’ a’hmiyetli ha’m juwapkershilikli

wazıypalardın’ biri sanaladı. Sonlıqtanda, pedagog o’z bilimine ha’m ta’jriybesine isengen halda joqarıda keltirilip o’tilgen usınıslardı orınlı  qollansa jaqsı na’tiyjelerge erisedi dep oylaymız.

# A’d e b i y a t l a r:


1. Karimov.İ.A. Barkamol avlod – O’zbekiston taraqqietining poydevori. T. 2002y.

2.Karimov.İ.A. Salamat a’wlad-bizin’ elimizdin’ keleshegi. Erkin Qaraqalpaqstan. 2000j. 1-dekabr.

3. Karimov.İ.A. Bizning bosh maqsadimiz jamiyatni demokratiyalashtirish va yangilash mamlakatni modernizatsiya va islox etishdir. T. 2005y.

4. Karimov.İ.A. Yangilanish va uzgarishlar jaraeni ortga qaytmaydi. Xalq swzi. 2002y. 5-aprel.

5. Karimov.İ.A. Barkamol avlod orzusi. T-2002 y.

6. U’zliksiz bilimlendiriw barısında ruwxıylıq ha’m ag’artıwshılıq ma’seleleri. İlimiy konferentsiya materialları. No’kis. 2000j.

7. Maktabgacha eshidagi bolalar gigienasi. Prof. M.N.İsmailov taxriri ostida.T.1994 y.

8. Bola tarbiyasida bog’cha va oila xomkorligi. T. 2004y.

9. R.Mavlonova va boshk. Pedagogika. T-2000.

10. Ziyamuxamedova va boshk. Pedagogika. T-2001.

11. S.A.Kozlova. T.A.Kulikova.  Doshkolnaya pedagogika.

12. A.Atoev. Farzandingiz barkomol bulsin.T-2000y.

13. Sh.A.Amonashvili. Olti eshdan – uquvchi. /Pedagogik izlanish/ Tuzuvchi İ.N.Bajenova, T.Wqituvchi,2000y.

14.  A.P.Voskresenskaya. O gotovnosti detey k shkolnomu obucheniyu.

15. L.E.Jurova, L.N.Nevskaya i dr. Obuchenie gramote v shkole.

16.Bolalarni maktabga wqishga tayerlash. (İlmiy maqolalar twplami).T.UzPFİTİ,2002y.

Qosımsha.

Ata–analardın' balalarına h'a'm mektepke bolg'an mu'na'siybetlerin u'yreniwge arnalg'an anketa sorawları.

1. Familiyan'ız, atın'ız, atan'ızdın' atı, tuwılg'an jılın'ız, mag'lıwmatın'ız, ka'sibin'iz h'a'm ma'nzilin'iz_______________________

2. Shan'araqta neshe perzentin'iz bar?__________________________

3. Sizin' jaqsı ko'rgen shınıg'ıwın'ız___________________________

4. Balan'ız jaqsı ko'rgen shınıg'ıwlardı sanap berin'______________

5. Shan'ararag'ın'ızda perzentlerin'iz shınıg'ıwı ushın qanday sharayatlar bar. Arnawlı xana, stol, stul, kitap shkafları, kompyuter ha'm basqalar_______________________________________________________.

6. Balan'ızdı ta'rbiyalawda qıynalıp atırg'anjoqsızba? Awa yaki joq.

7. Sizin'she shan'araq ta'rbiyasın ne qıyınlastıradı (Ta'rbiyag'a ta'n bilimlerdin' jetispewshiligi, ata–analardın' biyma'sla'ha't jumıs alıp barıwı, balalardı jumıs menen ba'nt etpeslik, qızıg'ıwlarına qarap qarım–qatnas qılmaslıq, xojalıq jumıslarının' orınlanıwında qatnasmaslıg'ı ha'm basqa)_________________________________________________

8.Siz ta'rbiya jumısında metodikalar za'ru'r dep esaplaysızba. Awa yaki joq. Bir ku'nde neshe saat bala ta'rbiyası menen shug'ıllanasız____________

9. Shan'arag'ın'ızda bala ta'rbiyası menen kim ko'birek shug'ıllanadı, babası, maması, apası, atası, a'kesi ha'm basqalar___________________

10. Siz ko'birek ne arqalı balan'ızg'a eskertiw beresiz, jazalaysız, kelise almaysız__________________________________________________

11.Siz ha'm balaların'ızdın' keleshek haqqındag'ı qaraslarında qarama–qarsılıq barma. Pikirlerin'iz tuwrı keleme?____________________

12. Balanız ne sebepten ol yaki bul orınsız qa'telerge jol qoyıwı hallarına itibar beresizbe?.Sebebin soramastan jazalaysızba. Sebebin esapqa alasızba_______________________________________________________

13. Shan'arag'ın'ızda o'z–ara mu'na'sibetin'izdi qanday bahalaysız___

14. Qızın’ız yaki u’lin’iz haqqında kimlerden ko’birek mag’lıwmat alıp turasız. Kisilerden, ja’ma’a’tshilikten, oqıtıwshılardan yaki basqalardan.

15.Ta’rbiyag’a ta’n a’debiyatlardı, gazeta ha’m jurnallardı oqıp barasızba. Ta’rbiya isleri haqqındag’ı gazeta ha’m jurnallarg’a jazılasızba.

16.Ta’rbiyag’a ta’n televidenie ko’setiwlerin ko’resizbe. Esittiriwlerdi sistemalı esitesizbe_______________________________________________

17.Shan’araqta balaların’ızg’a ertek, naqıl, jumbaqlar aytıp beresizbe.

18.Usı oqıw jılında neshe ret ha’m ne sebepten mektepte boldın’ız.

19.Neshe ret ha’m qanday maqset menen klass basshıları u’yin’izde boldı. Ha’r ayda neshe ret klass basshısı sizin’ u’yinizge keledi__________

20.Balalardın’ o’zlestiriw ha’m ta’rbiya sıpatların jaqsılaw ushın qanday ma’sla’ha’t beresiz?________________________________________

A’jiniyaz atındag’ı NMPİdin’ Baslawısh ta’lim fakultetinin baslawısh ta’lim h’a’m sport ta’rbiyalık is qa’nigeliginin’ 4 kurs talabası Zarimova Ranonın’ «Jas ospirimler tarbiyasın alıp barıuda mektep h’a’m shan’araq penen islesiudin axmiyetli maseleleri » atlı pitkeriw qa’niygelik jumısına

P İ K İ R

Zarimova Ranonın’ «Jas o’spirimler ta’rbiyasın alıp barıwda mektep h’a’m shan’araq penen islesiwdin’ a’h’miyetli ma’seleleri» atlı pitkeriw qa’yniygelik jumısı mektepte ha’m san’araqta balalarg’a beriletugın ta’lim-ta’rbiyalıq jumıslardın’ mazmunına arnalg’an.

Pikeriw qaniygelik jumıs II bap, juwmaqlaw ham paydalang’an a’debiyatlardan ibarat.

Kirisiw bo’liminde: temanın’ aktual ma’seleleri, obekti, predmeti ha’m jumıstın’ wazıypaları keltirilip o’tilgen. Bunnan basqa ta’lim sistemasında bolıp o’tken o’zgerisler, qabıl etilgen nızamlar ham u’zliksiz ta’limnin’ ahmiyeti haqqında aytıp o’tilgen. Sonın’ menen birge u’zliksiz ta’limnin’ ekinshi basqıshı bolg’an ulıwma orta ta’limnin’ ma’mleketlik talapları tiykarında balalardın’ jas o’zgesheliklerine qaray olarg’a ta’lim ta’rbiya beriwdin’ usıl ha’m a’hmiyetlerin aytıp o’tken.

Jumıstın’ birinshi babında: ta’rbiyanın’ ja’miyetlik qubılıs ha’m pedagogikalıq protsess ekenligi, shan’araq penen ta’lim-ta’rbiya jumısların alıp barıwda mektep xızmetkerlerinin wazıypaları, shan’araqtın’ ma’mleketlik siyasatta tutqan ornı ham insanıy qa’driyatlardın’ qa’liplesiw da’rejesi, shan’araqta bala ta’rbiyası ma’mleketlik siyasattın’ tiykarg’ı faktorlarının’ biri ekenligi haqqinda aytıp o’tken.

Jumıstın’ II- babında: bala ta’rbiyasında shan’araq penen mektep ja’ma’a’tshiliginin’ o’z-ara qarım-qatnası, shan’araq ja’miyettin’ tiykarg’ı bo’limi ekenligi, qaraqalpaq shan’araqlarında balalardı ruwxıy, a’dep-ikramlılıq ruwxında ta’rbiyalawda milliy qa’diriyatlarımızdan paydalanıwdın’ a’hmiyeti ha’m rawajlang’an insandı tarbiyalawg’a xalıq pedagogikasınan bay tajriybeli, sonday-aq talim-tarbiyanın’ jan’a forma ham usılların, hazirgi zaman pedagogika ilimleri jetiskenliklerin engiziw ham bul arqalı balalarg’a qızıg’ıwshılıq, o’z betinshelik, do’retiwshilik qabilietin jane de rawajlandırıw, adamgershilik qasiyetlerin qaliplestiriw nazerde tutqan.

Juwmaqlap aytqanda, R.Zarimovanın’ «Jas o’spirimler ta’rbiyasın alıp barıwda mektep h’a’m shan’araq penen islesiwdin’ a’h’miyetli ma’seleleri» atlı pitkeriw qa’niygelik jumısın’ mazmunı ha’m ko’lemi jag’ınan qoyılg’an talaplarg’a tolıq juwap beretug’ınlıg’ı esapqa ala otırıp, jumıs qorg’awg’a ılayıq dep esaplayman.

İlimiy basshı : Q.Tleumbetova

A’jiniyaz atındag’ı NMPİdin’ Baslawısh ta’lim fakultetinin’ «Baslauısh ta’lim h’a’m sport tarbiyalık is» qa’niygeliginin’ 4 kurs talabası Zarimova Ranonın’ «Jas o’spirimler ta’rbiyasın alıp barıwda mektep h’a’m shan’araq penen islesiwdin’ a’h’miyetli ma’seleleri» atlı pitkeriw qa’niygelik jumısına

P İ K İ R

Zarimova Ranonın’ «Jas o’spirimler ta’rbiyasın alıp barıwda mektep h’a’m shan’araq penen islesiwdin’ a’h’miyetli ma’seleleri» atlı pitkeriw qayniygelik jumısı mektep jasindagi balalardin talim-tarbiyalıq jumıslarının’ mazmunına arnalg’an.

Pitkeriw qa’niygelik jumısında mektepte balalardın’ turmısın mazmunlı etip o’tkeriw, olardın’ ha’r ta’repleme rawajlanıwı ushın qolaylı sharayatlardı jaratıp beriw, olardın’ ta’lim-ta’rbiyasında mektep xızmetkerlerinin’ ata-analar menen birge islesiwi, mektepte okıu protsessinde ta’lim-ta’rbiyag’a qoyılg’an ma’mleketlik talaplar tiykarında interaktiv metodlar menen jumıs alıp barıw ha’m shan’araq penen birge islesiwdin’ a’hmiyeti haqqinda so’z etilgen.

Pitkeriw qa’niygelik jumısının’ ulıwma mazmunında O’zbekstan Respublikasının’ «ma’mleketlik talaplar»ı tiykarında balalarg’a olardın’ jas ha’m psixologiyalıq o’zgesheliklerin esapqa alıp, olardı erkin pikirlew qa’bilietlerin rawajlandırıw ushın ta’lim ta’rbiya beriw ilajları ken’nen so’z etilgen. İzertlew temasının’ wazıypalarınan kelip shıg’ıp: bala ta’rbiyasında shan’araq penen mektep ja’ma’a’tshiliginin’ o’z-ara qarım-qatnası, shan’araq ja’miyettin’ tiykarg’ı bo’limi ekenligi, qaraqalpaq shan’araqlarında balalardı ruwxıy, a’dep-ikramlılıq ruwxında ta’rbiyalawda milliy qa’diriyatlarımızdan paydalanıwdın’ a’hmiyetin atap o’tken.

Oqıtıwshı balalar menen pedagogikalıq qarım-qatnasta bolıw arqalı ta’rbiya jumısların ha’r ta’repleme jetilistiriw, jan’a pedagogikalıq texnologiyanı pedagogikalıq protsesske engiziw, ta’lim-ta’rbiya beriwdin’ jan’a metod ha’m usıllarınan na’tiyjeli paydalanıwı ushın usınıslar keltirip o’tken.

Juwmaqlap aytqanda, Zarimova Ranonın’ «Jas o’spirimler ta’rbiyasın alıp barıwda mektep h’a’m shan’araq penen islesiwdin’ a’h’miyetli ma’seleleri» atlı pitkeriw qa’niygelik jumısı talap da’rejesinde jazılg’an, qorg’awg’a ılayıq dep esaplayman.

Pikir beriwshi: p.i.k. R.Nurjanova

No’kis ma’mleketlik pedagogikalıq institutı

Fakultet Baslauısh ta’lim

Talaba Zarimova Rano

Kafedra Baslauısh ta’lim metodikası

İlimiy basshı K.Tleumbetova

Oqıw jılı 2011-2012 j

Bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumısının’ teması:

*Jas o’spirimler ta’rbiyasın alıp barıwda mektep h’a’m shan’araq penen islesiwdin’ a’h’miyetli ma’seleleri*

**Avtor annotatsiyası** :

***Temanın’ aktuallılıg’ı***: Ma’mleketimiz g’a’rezsizlikke eriskennen keyin, o’zinin’ g’a’rezsiz rawajlanıw jolın belgilep aldı. Bul jol ja’miyetimizdin’ keleshegin o’z qollarına alıwshı - jaslarg’a berilip atırg’an ta’lim-ta’rbiya tiykarında belgilenedi. Sol ushın da 1997 jılı 29-avgustta "Kadrlar tayarlawdın’ milliy da’stu’ri" ha’m "Ta’lim haqqında"g’ı nızam qabıl etildi ha’m onda kadrlar tayarlawdın’ milliy modeli jaratıldı. Bul modelde shaxs baslı orındı iyelep, modeldin’ qalg’an bo’limleri shaxs ma’pleri ushın xızmet qıladı.

Demek, ta’lim-ta’rbiya mekemelerinen tısqarı ta’rbiyalıq ta’sirler yag’nıy ku’ndelikli sotsiallıq mashqalalar shaxsqa ko’rsetip atırg’an ta’sirleri, olardı sotsial pedagogikalıq, ilimiy, teoriyalıq ha’m a’meliy u’yreniw, pedagogikada usı ku’nge shekem jeterli da’rejede itibar berilmegen ja’miyetlik ta’obiyag’a zaruriyattı keltirip shıg’armaqta.

Ja’miyet ta’rbiyası degende "İsandı - insan dizimi ishindegi ta’rbiya tu’siniledi. Yag’nıy, insanlarara qatnasıqlar protsesindegi ta’rbiyalıq ta’sir, sonday-aq ja’miyetlik institutlar xızmetinin’ (xayriya jamg’armaları, sho’lkemler, ja’miyetler ha’m assotsiatsiyalar) ta’rbiyalıq ta’sirdi nazerde tutadı.

Ha’zirgi da’wirda ja’miyetlik ta’rbiyanın’ predmeti bolsa, shaxstın’ qa’liplesiwine ja’miyetlik ortalıqtın’ ta’sir etiwshi nızamlıqları, sonın’ ishinde shanaraqtın’, birlespelerdin’, jamg’armalardın’ ta’rbiyalıq ta’sirleri bolıp tabıladı.

***Jumıstın’ maqseti:*** Mektep jasıng’ı balalardın’ ta’rbiyasında shan’araq ha’m ja’miyetshiliktin’ ta’lim-ta’rbiya protsesslerin analiz etiw.

***Jumıstın’ wazıypaları:***

A) Oqıtıwshının’ balalar menen pedagogikalıq qarım-qatnasta bolıw arqalı ta’rbiya jumısların ha’r ta’repleme jetilistiriw.

B) Jan’a pedagogikalıq texnologiyanı pedagogikalıq protsesske engiziw.

V) Ta’lim-ta’rbiya beriwdin’ jan’a metod ha’m usıllarınan paydalanıw.

D) Shan’araq h’a’m mektep arasındagı oz-ara baylanıstı tamiyinleu.

***İzertlew obekti ha’m predmeti:***

***Temanın’ obekti***: Mektep jasınag’ı balalarga ta’lim-ta’rbiya beriu protsessi.

***Temanın' predmeti***: Mektepke shekemgi jastag'ı balanın' shan'araqta ha'm ja'miyetshilikte alatug'ın ta'rbiyası.

***İzertlew metodları*** **:**

Pedagogikalıq analiz, sa'wbet, metodikalıq testler.

***Jumıstın' du'zilisi ha'm quramı*****:** *Pitkeriw jumıs kirisiw, eki bap, juwmaqlaw ha'm paydalanılg'an a'debiyatlar diziminen ibarat.*

***Orınlang'an jumıstın' tiykarg'ı na'tiyjeleri_***

*İzertlew teması balalar baqshasında ta'lim-ta'rbiya protseslerin rawajlandırıw ushın kerekli metod ha'm usıllardı tabıwg'a ko'mek beredi.*

***Juwmaq ha'm usınıslardın' qısqasha ulıwmalastırılg'an ko'rinisi:***

U'zliksizlik mektep ha'm shan'araqtın' shaxstı ha'r ta'repleme qa'liplestiriw boyınsha alıp barılatug'ın ta'lim-ta'rbiya jumısın izleniwshilik boyınsha a'melge asırıw imkaniyatın jaratadı.

Balalar menen bolatug'ın o'z-ara mu'na'sibet tu'rleri, morallıq sezim ha'm ko'z aldına keltiriwler mekteptin' baslawısh klasslarında balalarg'a jan'a morallıq minez-qulıq tu'rlerin olardlın' sanasın, sezim-tuyg'ıların ta'rbiyalaw ushın derek bolıp xızmet etedi.

Shan'araq balalarda morallıq ko'z aldına keltiriwler ha'm minez-qulqında birgelikli bolıwın ta'rbiyalaw, o'z is-ha'reketi ushın shaxsiy juwapkershiligin seze biliw, ja'miyetshilik qa'siyetleri, sıpat jag'ınan jan'asha minez-qulıq tu'rlerin qa'liplestiriw ushın sha'rt-sha'riyat jaratadı. Mektepte watansuyiushilik, o'z watanı aldındag'ı parızın teren' an'law ki'bi sezimler payda boladı. Bunday joqarı sezimler balalardın' ata-analarına, shan'arag'ına muhabbat, u'lkenlerge hu'rmet, ana ta'biyatqa mehir ha'm usı sıyaqlı morallıq sezimler tiykarında qa'liplesedi.

Balalardı a'dep-ikramlılıqqa, estetikalıq ha'm miynetke ta'rbiyalaw ma'selesin sheshiwde ha'r ta'repleme jaylasıwdı a'melge asırıwdı basqa millettegi balalardı qaraqalpaq xalqının' ruwxıy baylıg'ın, onın' u'rp-a'detin da'stu'rlerin u'yretiw negizinde, olarda qaraqalpaq tilinde qatnasıw, olarda ma'deniyatın milliy elementler du'ziw bolıp tabıladı.

İlimiy basshı: K.Tleumbetova

Talaba: R.Zarimova